

**KONSTITISYON**

**DE**

**LEGLIZ MISYONNÈ**

**Tradwi pa Rev. John Zurcher  
Revize pa Rev. Steve Zurcher  
2015**

## TAB DE MATYE

### KONSTITISYON

Preamble.....	2
ATIK I – Non .....	3
ATIK II – Bi .....	3
ATIK III – Objèktif yo.....	3
ATIK IV - Atik de Lafwa e Pwatik yo .....	3
ATIK V - Elèktè yo .....	10
ATIK VI – Konfèrans Jeneral .....	11
ATIK VII – Ofisye yo .....	13
ATIK VIII – Konsèy Siveyans Jeneral .....	14
ATIK IX - Konsèy Dirèksyon Travay Le Seyè .....	15
ATIK X - Komite Nominatif .....	16
ATIK XI – Komite Konstitisyon .....	17
ATIK XII – Dirèktè denominasyon yo.....	17
ATIK XIII – Kolèj Betal (Bethel College).....	17
ATIK XIV – Òganizasyon Ògzilyè yo.....	18
ATIK XV – Konfèrans Rejyonnal yo.....	19
ATIK XVI - Konfèrans Distrik yo .....	21
ATIK XVII – Legliz Lokal .....	34
ATIK XVIII – Prose pou manm yo, legliz yo, e òganizasyon nan legliz ki fè plent .....	41
ATIK XIX - Otòryasyon Palmantè .....	43
ATIK XX – Amandman yo .....	43

# KONSTITISYON

## PREAMBIL

Legliz Misyonnè te òganize nan fòm prezan pa rezilta inyon nan ane 1969 de Lasosyasyon de Legliz Misyonnè e Legliz Misyon Uni. Tou-le-de legliz yo gen òrijin yo nan you mouvman renouvleman ki te genyen nan tout Amèrik du Nò pandan dènye ane nan 19èm syèk. Anpil nan premye manm te nan legliz yo ki te gen anpil fòm e tradisyon relijye. Flam renouvleman yo te renouvle you dinamik e vitalite lidè ansyen legliz yo pat vle wè. Donk, pou kenbe temwayaj yo, yo te mete anpil moun sa yo deyò legliz. Anba dirèksyon BonDye moun sa yo te ini nan plizyè gwoup ki te asosye yo ansanm pandan you epok de san ane. Istwa ane sa yo te anrejistre nan *Merging Streams*. (1)

Konstitisyon e Mannyel de Legliz Misyonnè kapab pi byen konprann pa moun ki rèkonnèt te gen you desizyon sigilè pami premye lidè nou yo pou kenbe pozisyon ke Lezekriti dwe sous pwensipal pou doktrin e lavi. An plis, pou fè desizyon sa pou nou devni you legliz biblik, nou rekonnèt kontribisyon de John Wesley pou “Apiye sou you Kè Cho”; A. H. Simpson pou kat apiye alega Jezi Kri kòm Sovè, Sanktifikatè, Gèriyè, e Rwa kap vini; lidè Anabatis yo pou kominote e fratènite; e jan yo te peze sou enpòtans evanjelik pou moun yo ki pèdi e redanpsyon pa mwayen Jezi Kri. Alò, Legliz Misyonnè se you melanj inik de panse e lavi you pèp ki te chache bati legliz yo selon Lezekriti e ki te apresye sous istorik yo.

---

1' *Lageer, Eileen, Merging Streams, Bethel Publishing Company, 1979*

## ATIK 1 – NON

Non òganizasyon sa a va Legliz Misyonnè.

## ATIK II - BI

Legliz Misyonnè, nan obeysans a Jezi Kri Seyè Li, fè desizyon devni you pèp BonDye sen nan lemond e pou bati legliz Li pa mwayen evanjelizasyon nan tou-le-monn, fè disip e multipliye legliz kap grandi, tou sa pou la glwa BonDye.

Matye 28:18-20; 1 Pyè 2:9-10

## ATIK III – OBJEKTIF YO

Pou ranpli bi li, Legliz Misyonnè gen objèktif swivan yo:

- A. Fè apèl legliz yo pou fè misyon.
- B. Antrenne e ekipe lidè yo.
- C. Plante e asiste nouvo kongregasyon yo nan peyi nou e nan lòt peyi tou.
- D. Avanse kominote pami pèp BonDye
- E. Sèvi kòm òganizasyon administratif e kominikatif

(Gade Atik IV A.5)

## ATIK IV- ATIK LAFWA E PWATIK YO

### A. ATIK DE LAFWA YO

#### 1. Twa Pèsonn Nan BonDye

- a. Nou kwè kè sèl BonDye se Lespri: li egziste pa Li menm, Li enfini, Li se you Pèsonn, Li pa janm chanje, è Li etènèl (Li te la toujou e va la toujou), pafèt nan lasentete, amou, jistis, byenfezans, sajès, e lavèrite; omnipotan, omnisan, e omniprezan, Kreyatè e Sila ki soutni tout bagay, vizib ak envizib, Sila ki demere ni nan kreyasyon an ni deyò kreyasyon an, egziste nan twa pèsonn etènèlman, youn nan sibstans, e egal nan pisans e glwa, Papa, Pitit ak Sent Espri.

Jen. 1:1; Exo. 3:14, 34:6; Det. 6:4, 1 Rwa 8:27. Neemi 9:6; Sòm 90:2, 103:8. 116:5. 147:5, Eza. 6:3, 40:28; 57:15; Jer. 23:23-34; Mal. 3:6; Mat. 3:6; Jan 4:24; Tra. 17:28; 1 Kor. 8:4; 2 Kor. 13:14; Kol. 1:17; 1 Tim. 1:17; Eb. 1:2, 12 e 11:3; 2 Pyè 3:9; 1 Jan 4:10-16.

- b. Nou kwè Papa a pa gen paran. Li se Papa Etènèl Seyè Jezi Kri a, Otè de sali, Papa a pou tout ki fèt nan nouvo lavi pa mwayen lafwa nan Kris.

Jen 1:1; Sòm 90:2; Jan 13:3, 16:28; Efèz 1:3-4; 1 Pyè 1:2-3; 1 Jan 2:23; 3:1

- c. Nou kwè Le Seyè Jezi Kri se divin, pa jenerasyon etènèl de Papa Li, nan enkanasyon Li pa ki mwayen Li te fèt pa Le Sent Espri e fèt pa Vyè Mari, konsa li devni you pèsonn inik ak nati divin e nati imèn konplèt nan pèsonn Jezi Kri, nan lavi

san peche Li, e mirak Li yo, nan lamò Li pou peye dèt peche lemonn, nan rezirèksyon kò Li, e asansyon a men dwat Papa Li ak tout pisans e mèt siprèm, nan travay prezan li kòm avoka kwayan yo, nan dezyèm vini Li nan pisans e glwa.

Eza. 53:6; Mat. 28:18-20; Luk. 1:35; Jan. 1:1, 14, 18; Tra. 2:22, 24-32; Ròm. 1:3-4, 8:34; 2 Kor. 5:18-19; Ef. 1:19-22; Kol. 3:4; Tit. 2:13; Eb. 1:8, 4:15, 7:25; 1 Pye 1:18, 2:22 e 24; 3:18; 1 Jan 2:1-2

- d. Nou kwè ke Le Sent Espri, twazyèm pèsonn nan trinite BonDye, ki sòti nan Papa a, epi voye pa Pitit Li, fè you sèl nan majèste e glwa ak Papa e Pitit la, vreman e etènèlman BonDye. Ofis ak travay Li se pou konvenk lemonn de peche, jistis, e jijman; pou rejenere sa yo ki repanti peche yo e kwè nan Le Seyè Jezi Kri, pou sanktifye, bay pisans, anseye, gide, e bay soulajman pou kwayan yo.

Lezekriti revele travay Le Sent Espri nan legliz kòm sa ki ini kwayan yo nan kò de Kris, posede li kòm tanp BonDye, ekipe li ak don yo e gras yo pou sèvis, bay li kò de lavèrite enspire e bay li dirèksyon nan tout lavèrite e preside e bay dirèksyon nan volonte Bon Dyè.

Mat. 28:19; Lik 24:49; Jan 3:5-6, 14:16-18, 26: 15:26; 16:7-14; Tra. 1:8, 2:1-4, 13:2-4, 15::28; Ròm 1 2:6-8; 1 Kor. 2:10-12, 6:19-20, 12:4-11, 12:13; Gal. 5:22-23; Ef. 2:21-22; 2 Tes.2:13; Tit 3:5; 1 Pyè 1:2; Jan 2:20-27.

## 2. Bib La

Nou kwè La Bib ki konpoze de 66 liv nan Ansyen è Nouvo Tèstaman, se Pawòl BonDye ki enspire pa BonDye menm, e Li pa gen okenn èrè nan maniskrip orijinal yo. Jodia La Bib rete otòrite san chanjman nan choz lafwa e pwatik kretyen. Li vrè e egzak sou tout suje li pale. (Gadè Papye Pozisyon Atik IX “Afime Enspirasyon an”.)

Sòm 119:9, 89, 105; Mat. 24:35; 1 Tes. 2:13; 2 Tim. 3:16; Eb. 4:12; 1Pyè 1:35; 2 Pyè 1:21

## 3. Lezòm

- a. Kreyasyon. Nou kwè ke premye moun, Adan, te kreye pa you ak imèdyat pa BonDye è pa ak you prose evolisyon. Adan ak Ev te kreye nan imaj e sanblans BonDye, yo te posede pèsonalite e la sentete, e nan eta orijinal Adan e Ev te jwi bon relasyon ak BonDye. Bi kreyasyon yo se te pou yo ta glorifye e rejwi ak li pou tout tan. Paske tout moun te kreye nan imaj BonDye, yo genyen konsyans nan yo menm epi kapab fè chwa rezonne.

Gen. 1:27; Ef. 1:5-6

- b. Tonbe nan peche. Nou kwè premye paran nou yo pat rete nan eta kontan kreyasyon orijinal; men, Satan te twonpe yo e yo te volontèman dezobeyi komann pozitif BonDye. Akòz, sa, yo te separe ak BonDye e te resevwa sou yo menm ak tout desandan fiti yo kondanasyon de lanmò, fizik e espiryèl. Menm malediksyon te tonbe sou latè akòz peche Adam. La, konsekans dezobeysans sa fè tout ras imèn devni si tèlman kòronpi jiska nan chak kè gen, pa nati, you dispozisyon ki a la fen mennen yo responsab pou peche yo e kondanasyon jis. Ankò, akòz peche Adan, moun yo devni si konplètman pèdi yo pa gen volonte ni pisans pou vire jwenn BonDye, e san yo pat jwenn èd yo ta rete nan peche pou tout tan.

Gen. 3:13, 16-17; Ez. 64:6; Ròm 7:7; 1 Jan 1:8

- c. Redampsyon li. Nou kwè BonDye founi redampsyon pa mwayen travay Kris kòm avoka, ki te volontèman ofri Li menm sou Kalvè kòm sakrifis pafèt pou peche, youn ki jis soufri pou enjis yo, pòte malediksyon peche yo e pran lanmò pou tout moun.

Jan 17:17-18; Tra. 4:12; 1 Tim. 1:15; Tit 2:11-12; Eb. 2:9; 1 Pyè 3:18

#### 4. Sali

Nou kwè, depi tout moun se pechè e koupab devan BonDye e yo mouri nan peche yo, e anfen yo pa kapab sove tèt yo, BonDye nan amou enfini Li te bay Pitit Li, Le Seyè Jezi Kri pou devni Sovè yo.

Mak 1:1-21; Jan 3:14-17, 6:14; Ròm 3:10-12, 19, 20, 23; Ef. 2:13, 8-9.

- a. Repantans. Nou kwè vrè repantans se you atitud nesèsè de volonte a ki fè posib pou Dye, ki sen e jis, kapab padonnen peche nou. Atitud repantans la konprann sa peche a ye, li chanje atitud anvè peche, santi trè mal pou peche li yo. Li gen reverans pou lasentete Dye, e li soumèt li a BonDye. Ak repantans la se konfèsè e kite peche. Repantans se repons konvènab pou gras BonDye lè moun nan konvenk. Kòm you fwi de repantans, lè posib, kote gen peche kont you moun, bezwen mande padon.

Som 51:3-4; Pro. 28:13; Eza. 6:1-5, 55:6-7; Mt 3:2, 8, 4:17; Lik 13:3- 15:18, 18:13, 19:8; Jan 16:8-11; Tra. 11:18; Ròm 2:4, 10:9-10; 2 Kor. 7:9-10; 2 Tim. 2:25.

- b. Nou kwè lafwa bezwen akonpaye repantans e se youn ak volonte pa ki mwayen nou anbrase promès BonDye e apwopwiye pou nou menm pwovizyon gras BonDye. Se depandans konplètman sou mèrit sakrifis Kris kòm sel rezon e espwa pou sali. Lafwa bezwen aktif pandan tout lavi kwayan an e li bezwen manifèste lafwa sa pa obeyisans e nan bon zèv.

Tra. 13:38-39, 16:31; Ròm 4:3- 5:1; Ef.2:8-10; Eb. 11:6; Jak 2:17

- c. Jistifikasyon e Rejenerasyon. Nou kwè lè kondisyon rekize pou repantans gen tan fèt, BonDye jistifye e rejenere pechè a. *Jistifikasyon* se you ak jidisyèl ki rètire tout krim e pinisyon e bay kwayan favè divin. Jistifikasyon se chanjman jan nou kanpe devan BonDye. *Rejenerasyon* pale dè chanjman nati pechè a pa mwayen don lavi divin. Rejenerasyon se you vivifyant espiyèl- you nouvo nesans. Eksperyans sa a gen temwen Le Sent Espri kap demere nan kè a e ki pwodwi you dezi pou fè volonte Dyè.

Jan 1:3, 5, 5:24; Tra.22:10; Ròm 5:1 e 9, 4:4-5, 8:16, 33; 2 Kor.5:17; Ef.2:1; 2 Pyè 1:4

- d. Sanktifikasyon ak Ranpli ak Le Sent Espri. Nou kwè sanktifikasyon se you travay BonDye pou fè pèp sen. Se volonte BonDye. Nou twouve-l pa mwayen atonnan an, e nou fè eksperyans li pa lafwa, pa travay Le Sent Espri pa mwayen Pawòl la e pa san Jezi Kri. Sepandan, travay divin pou fè moun sen komanse nan konvèzyon kwayan an, li bezwen soumèt a pisans Le Sent Espri nan lavi li padann lap bat lemonn, lachè, e Dyab la. Anplis, pa youn eksperyans swivan, kwayan yo bezwen rejete pwòp tèt yo, pirifye kè yo e ranpli kè yo ak Le Sent Espri pou yo rete separe konplètman a BonDye pou sèvi Li nan lajistis e nan lasentete. Ya kontinye grandi plis an plis e sanble ak Kris tout-o-tan yo sibi a Seyè a nan tout aspè lavi yo jiska yo va ale nan syèl la.

Sòm 4:3; Mat. 16:24; Jan 17:17; Tra.15:18; Ròm 6:19 e 22, 12:1-2; 2 Kor. 5:17; Gal. 2:20, 6:14; Ef. 5:26; Kol. 3:3; 1 Tes. 4:3, 5:23; 2 Tes. 2:13; Eb.12:14, 13:12; 1 Pyè 1:2, 15-16; 2 Pyè 3:18; 1 Jan 5:6

- e. Rezirèksyon e glorifikasyon. Nou kwè Jezi te resisite nan kò Li, e paske Li viv nou va viv osi. Lezekriti anseye nou pandan retou Le Seyè a tout kò jis ki te mouri va resisite e kwayan vivan yo va jwenn ak yo epi ya tout jwenn ak Le Seyè nan syèl la e ya chanje anfen ke tou-le-de va genyen vrè kò, ki espirityèl e ki pap pouri tankou kò glorye Kris la. Glorifikasyon nou se dènye ak pou sali nou e li va realize lè nou wè Li jan Li ye.

1 Kor. 15:3-4, 19-23; Fil.3:20-21; 1 Tes. 4:14-17; 1 Jan 3:2

## 5. Legliz la

Nou kwè legliz envisib e inivèsèl se you kò vivan konpoze de tout kwayan nan Le Seyè Jezi Kri ki te rele sòti nan lemonn, sèpare ak peche, e vreman ini pa lafwa pou Le Seyè Jezi Kri ki se Tèt Li e Seyè Souvèren.

1 Kor. 12:12-27; Ef. 1:22-23, 4:15-16; Kol. 1:18; Eb. 12:23

- a. Nou kwè legliz visib e lokal se you kò òganize de kwayan yo nan Kris, ki volontèman jwenn ansanm, e reyini regilyèman pou ansèyman nan La Bib, asosye ak sen yo, obsève òdonnans yo, administre disiplinn, tan de lapriyè, e patisipe nan adorasyon piblik ak evanjèlizasyon.

Mat. 18:13-17; Tra. 2:46, 47 e 20:7; 1 Kor. 5:1-4, 16:2

- b. Nou kwè mak karaktè manm vrè legliz se lafwa nan Jezi kòm Pitit Bon Dyè, amou pou Bon Dyè e pou sa yo ki nan lafwa, obeyisans a komandman Bon Dyè yo e laviktwa sou lemonn.

Jan 13:35; 1 Jan 3:14, 4:2, 5:1-5

- c. Nou kwè devwa pwensipal yo pou legliz se pou glorifyè Bon Dyè e egzalte le Seyè Jezi Kri, bati legliz la nan lafwa ki pi sen, e preche Levanjil nan tou le monn kòm temwayaj pou tout moun.

Mat. 28:18-20; Tra. 1:8, 20:32; Ef.1:5-6, 3:21, 4:11-16; 1 Pyè 4:11; Jid 20-21

## 6. Dènye choz yo

- a. Retou de Kris. Nou kwè dezyèm retou de Kris se espwa legliz e li va pèsone, ak kò a, vizib, avan mil ane yo, e redamptif. Retou li, pou sa nou bezwen toujou pwèt, se you sous dankourajman e konsolasyon, you rezon pou viv pi e sen, e you enspirasyon pou travay nou ak misyon nou. Kris va desann nan nyaj yo. La, legliz Li, fyanse kap tann Li a, va jwenn ak Li. Apre sa Lap retounen sou latè ak legliz Li pou jije e gouvène tout lemonn.

Mat.24:14, 36-51, 25:1-13; Mak 13:10, 32-37; Lik 21:27-28; Jan 14:1-3; Tra.1:11; 1 Kor. 15:58; Kol. 3:1-4; 1 Tes. 4:13-5:11; Tit 2:12-13; Eb. 9:28; Jak 5:7-8; 1 Jan 2:28-3:3; Rèv. 1:7, 22:12-13

- b. Tribilasyon an

Nou kwè nan ane final epòk prezan an, you tan kòm nou pa janm te genyen, va genyen pèsekisyon e jijman divin kap rive sou tou lemonn. Tan “gran tribilasyon” an

– sa tèmine ak retou de Kris ki va triyonfe nan Batay Armagedon, venk mechanste e etabli Rwayòm Li sou latè konplètman.

Sòm 2:7-9, 98:9; Eza. 9:3-7, 11:6-9; Dan.7:13-14; Rèv. 20:1-6

- c. Mil Anne yo. Nou kwè apre Kris retounen ak Legliz Li, La renye pou mil anne. Pandan epòk sa, Satan va mare e Kris va demontre pisans souvèren Li sou mechanste pandan lap renye avèk jistis sou lemonn.
- d. Jijman yo. Nou kwè pa gen kondanasyon kap tann moun nan Kris ki, pa lafwa, te deja jijè kòm pechè a la kwa e te pase sòti lanmò antre lavi. Sepandan kòm pitit nan fanmi BonDye, yo te disipline e kòrije pandan tan lavi sa a pou BonDye kapab konfòme yo nan imaj Pitit Li. Lavi ak travay yo va jije pou resevwa rekonpans yo nan jijman Kris la. Sa yo ki pa mete lafwa nan Kris va kanpe devan BonDye pou jijman final ak kondanasyon devan Gran Tròn Blan an.

Sòm 96:13; Ekl.12:14; Mat. 25:14-46; Jan 5:24; Ròm 8:1, 29; 1 Kor. 3:8-15, 4:2-5, 11:32; 2 Kor. 5:10; 2 Tim. 4:8; Eb. 9:27, 12:5-8; Rèv. 20:11-15.

- e. Eta etènèl. Nou kwè nan rezirèksyon, kò moun ki mouri yo va gen youn pami dè destinasyon, syèl la ou lanfè. Finalman, tout pechè yo va jisteman ale nan pinisyon etènèl nan lanfè ansanm ak Satan e tout zanj li yo. Tout kwayan nan Kris va viv pou tout tan, fè eksperyans bonnè ak lajwa ak Le Seyè nan nouvo syèl e tè a - a la glwa gras Li.

Eza. 65:17, 66:12; Det. 112:2; Mat.25:42, 46; Mak 9:42-48; Jan 5:28-29, 14:1-3; Ef.1:13-14; Fil. 3:20-21; 2 Tes. 1:8-9; 2 Pyè 3:13; Rèv. 14:9-11, 20:10-15, 21:1-22:7.

## **B. ATIK DE PWATIK**

### **1. Òdonnans yo**

Genyen 2 òdonnans kretyen, batèm ak La Sent Sèn. Se seremoni piblik deziye pa Kris pou yo fèt nan chak legliz, pa pou sali a, men kòm siy vizib e so pou montre realite a.

- a. Batèm. Nou kwè batèm pa dlo se you senbòl inyon nou pa lafwa ak Kris nan lanmò, antèmman e rezirèksyon, e se you konfèsyon piblik realite espiyèl yo devan lemonn e se repons you bon konsyans anvè BonDye. Donk, nou dwè fè batèm pa imèsyon pou sa yo ki te fèt de nouvo pa lafwa nan Seyè Jezi Kri, e ki bay prèv yo vremen konvèti.

Mat. 28:19; Tra.2:38-41, 8:36-39; Ròm 6:3-5; Kol.2:12; 1 Pyè 3:21; konpare Mak 16:16

- b. La Sent Sen. Nou kwè La Sent Sèn te enstitye pa Kris Li-menm nwit Li te trayizon. Nou kwè se you souvni lanmò Kris, you sant de konminyon e asosyasyon, you temwayaj de lafwa ki sove, e you so visib de kontra redamptif Kris la. Se sèlman pitit BonDye ki dwè obsève La Sent Sèn e sa fèt lè nou pran senbòl konsakre yo, pen ak fwi ven an, ki senbolize lanmò Kris pou remisyon peche nou yo e depandans nou toujou genyen sou Jezi pou lavi ak nouriti jiska Li vini. Sepandan, La Sent Sen louvri pou tout vrè kwayan malgre denominasyon, chak moun gen pou “egzamine li menm avan li manje pen e bwè sa ki nan koup la.

Mat.26:26-30; Lik 22:15-20; 1 Kor. 10:16, 11:23-24



## 2. Gerizon Divin

Nan travay redamptif Kris te fè pwovisyon pou gerizon fizik lòm. Benefis sa a kapab realize pou pitit BonDye pa mwayen kondisyon nou jwenn nan La Bib.

Jen 3:16-19; Job 2:7; Eza. 53:4-5; Mat.8:16-17; Tra. 10:38; Jak 5:13-16; 1 Pyè 2:24; konpare Mat. 16:17-18

## 3. Jou Le Seyè

Jou Le Seyè gen òrijin divin. Saba a pou Jwif yo te obligatwa pou sa yo ki te viv anba ekonomi Jwif. Pou pwofane jou sa te envoke endiyasyon ak jijman BonDye. Nan tan prezan premye jou nan semenn nan mete apa kòm Jou Seyè a pou pran repo e adorasyon. Obzèkans sa rekòmande pa legliz pou sa yo ki swiv Le Seyè Jezi depi tan apòstolik. Premye jou semenn nan te toujou Jou Le Seyè pou legliz la depi tan apòstolik. Se trè enpòtan nou onore Jou Le Seyè ak anpil swen e respè.

Jan 20:1; Tra. 20:7; 1 Kor 16:2; konpare Jen 2:1-3; Egz. 20:8-11; Nòm 15:32, 36

## 4. Jeran Kreyen

a. Lezèkriti pa doute BonDye se Pwopwiyetè tout bagay kòm kreyatè e redanptè.

Piske nou rachte pa gras e lanmò Kris, tout sa nou ye, kò, nanm, e lespri, nou dwè rann pou BonDye, paske se sèvis rezonnab nou.

b. BonDye pa sèlman mande amou nou ak devosyon nou, men li te fè nou jeran tou sa nou genyen, ni tan, ni talan, ni afè tanporal. Piske sa nou bay nan sa nou genyen an pou sipòte travay Le Seyè se you demann nan La Bib e se you ak dadorasyon Le Seyè te resevwa e te rann imòtèl, e piske bay ladim te la avan lalwa Moiz, e te konfime nan Lalwa, epi Le Seyè Jezi Kri te apwouve li, e depi Nouvo Tèstaman klèman endike jan nou bay bezwen ann akò ak sa nou resevwa, kwayan yo dwe adopte sistèm bay la dim sou tout rèvni pou ekspriye ròl jeran yo. Jan nou jere choz materyèl dwè motive pa lespri e ekspzanp Le Seyè ki te bay tèt Li pou nou tout.

Jèn.14:20, 28:32; Mal.3:8, 10;. Mat. 23:23; Tra. 4:32; 1 Kor. 16:2; 2 Kor. 8:9, 9:6-7

## 5. Prezantasyon ti moun yo

Nou kwè La Bib ansèyè nou pran you swen divin pou timoun yo e èlve yo pou BonDye. Donk, nou ankouraje prezantasyon fòmèl pou timoun yo nan you sèvis piblik nan legliz.

## 6. Maryaj e mezon nou

a. Maryaj se you enstitisyon sakre òdonne pa BonDiè e se youn inyon ki pa kapab sèpare (kase) de youn mari (fèt lòm) ak youn madanm (fèt fèmèl) jiska yo sèpare pa lanmò. Maryaj, ki se fondasyon fanmi e mezon kreyen, dwe fèt sèlman ak la pè e volonte BonDye. Donk you kwayan pa dwè ini nan matrimoni sèn ak youn ki pa kwayan.

Jèn. 2:24; Dèt. 7:3; Mat. 19:4-6; 1 Kor. 7:7, 39; 2 Kor.6:14-17

b. Pastè e paran yo gen obligasyon pou anseye sentete maryaj la e avèti kont

kwayan marye ak moun ki inkredil. Pastè yo pa dwè fè maryaj lè yo konnen youn se kwayan e lòt la pa kwayan.

- c. Pastè yo entèdit pou ankouraje, beni, ou ofisye ni inyon ni maryaj moun menm sèks.

Jèn. 4:22; Lèy. 18:22; Mat. 19:4, 5; Ròm 1:26, 27; 1 Kor. 3:18-21

- d. Mezon an se enstitisyon òdonne pa BonDye kote mari se tèt men li sèvi manm mezon an pa lalwa damou. Timoun yo bay obeyisans ak you lespri de respè e amou mityèl. Mèzon an se enstitisyon pi enpòtan pou nourri pitit yo nan lafwa, e anpil swen dwe fèt pa pastè e paran yo pou bati you mezon ki toujou vreman rete kretyen.

Det. 6:4-9; Sòm 78:4.6; Ef. 5:22, 25, 6:1-4; Kol. 3:18-21

## 7. Divòs

Nou wè divòs nan La Bib kòm kont volonte BonDye. Krètyen yo va chache ak pasyans e padon pou prezève lyen maryaj la.

Jèn. 2:24; Mal. 2:15-16; Mat. 5:31-32, 19:3-12; Mak 10:11-12; 1 Kor. 7:10-16

- a. Moun yo ki divòse e marye ankò e ki bay prèv ke yo vreman fèt dè nouvo kapab devni manm Legliz.
- b. Divòs ant manm legliz yo se you malè trè grav. Kondwit sa pòte repròch pou ansèyman e realite rèkonsilyasyon kretyen e moun sa yo bezwen pran disiplin. Komite legliz va bay dyak yo, ou you komite èspèsyal la, dirèksyon pou konsèye sa yo ki te bay ofans e rekomande aksyon disiplin ki konvènab bay komite legliz, pandan yap bay konsiderasyon konvènab a Atik XVII.B.3.

Yo bezwen pran swèn pou aksyon sa a si redanpsif ki posib pou moun sa yo.

- c. Pastè yo pap fè seremoni maryaj lè youn ou tou-lè-de divòse, sòf lè lòt moun premye maryaj la tè youn adiltè. Lè yo rekonnèt moun sa yo ap viv you vrè lavi kretyen, e kote gen bon prèv you bon maryaj kretyen pral fèt, pastè yo gen pèmision pou fè maryaj la.
- d. Gade Atik XVI.E.2 alega kalifikasyon ministè yo

## 8. Pwatik e Kondwit

Lezèkriti komande klèman kwayan yo pa dwè konfòme ak vi lemonn e jan lemonn viv malgre kretyen an viv nan le monn; men, o kontre, yo dwè fonksyone kòm sèl, pou anpeche kòripsyon mòral e kòm limyè pou chase tenèb esprityèl. Donk, se enpòtan pou yo etabli etanda trè èlve pou lavi pèsònèl yo menm e ansanm kòm kwayan tankou etanda swivan yo:

- a. Dispozisyon ak atitud yo va karaktèize ak piyete e fwi Lespri ki se amou, lajwa, lapè, pasyans, bon kè, seriyozite, fidèlite, aji ak dousè, e kontròl kè yo.
- b. Relasyon sosyal bay temwayaj pou Kris, tout kondwit yo montre lavi esprityèl you kretyen olye sa ki nan lemonn; yo pa va marye enkredil yo, yo pa va mamn you sosyète sekre, ni konpwomi pwensip kretyen yo; e

- c. Trète kò yo kòm tanp Le Sent Espri epi sa fè temwayaj kretyen e bon pwensip la sante pa dwat ak move temwayaj devan lezòt ou domaje kò yo pou sèvi ak tobak, bwason entaksike, drog yo ou nenpòt lòt prodwi ki fè kò a mal.

Iza. 5:22, 1 Kor. 6:12, 19-20; 2 Kor. 6:14-7:1; Gal.5:18-26; 1 Tim. 2:9-10; 1 Pyè 2:13-14

## 9. Atitid anvè Gouvèman Sivil

Nou kwè gouvèman sivil òdonne pa BonDye pou byenfè sosyete pou sèvi e proteje sa yo ki bon e anpeche e pini movèz yo. Donk, nou kwè se devwa kretyen yo priye pou gouvèman e tou sa yo ki gen otòrite sou yo epi bay yo respè ak obeyisans. An plis, nou ankouraje kretyen yo pran you entèr aktif nan gouvèman nan tout choz. Kote demann lalwa sivil kont lalwa siprèm e volonte BonDye, kretyen dwe “obeyi BonDye olye lòm”.

Dan. 4:17; Mat. 22:17-21; Tra. 4:19, 5:29; Ròm 13:1-4; Tit 3:1; 1 Pyè 2:13-14

## 10. Atitid anvè konfli e sèvis militè

- a. Nou kwè ansèyman Lekriti mande kwayan yo pou renmen lènmi yo, fè byèn pou sa yo ki rayi yo, simonte mechanste ak byen, e lè se posib, viv nan lape ak tout moun. Donk, nou di se pa bon pou kretyen yo avanse lagè ant ni nasyon, ni klas, ni gwoup, ni endividyèl.
- b. Nou rekonèt kretyen yo gen konsyans diferan pami yo konsène ansèyman Pawòl BonDye alega responsabilite yo kòm sitwayen kretyen anvè gouvèman imèn nan tan lagè è nan tan lape. Donk, nou ekzèsè tòlerans e endantman e respè pou konsyans endividyèl alega patisipasyon nan lagè.
- c. Plis, nou peze sou tout moun responsabilite yo pou egzamine Lezèkriti ak you kè e tèt ouvri dekwa pou pozisyon yo va vreman you konviksyon kretyen e pa sèlman konvènab.
- d. Nou konsèye pastè yo enstwi legliz yo, e espesyalman jenn yo, sou sa Lezekriti ansèyè alega lagè e malè lagè yo, e chache bay dirèksyon nan La Pawòl pou sa yo ki resevwa lapèl pou sèvi peyi yo nan militè a.

Mat.5:43-44; Ròm 12:18, e 20-21, 13:1-14

## 11. Sèmante

Nou kwè lavi kretyen dwè si tèlman klè nan onètete e entegrite anfen ke moun kapab si tèlman gen konfyans nan pawòl nou nou pa bezwen sèmante nan you sèman ofisyèl. Nou kapab pwete sèman jidisyèl san kontrayi Lezèkriti, sepandan, nou ankouraje afime pito.

## ATIK V. - ÒGANIZASYON

Òganizasyon sa a se you denominasyon relijye ki konpoze ak tout manm legliz yo, konfèrans rejoyonnal yo, konfèrans distrik yo, ak tout òganizasyon e enstitisyon dirije pa li ou afilye ak li. Pandan denominasyon opere kòm you ajens misyon nan pèyi etranje e rèkonèt kò de Kris la inivèsèl, kamenm li engage nan plan pou etabli legliz endijèn yo. Donk, nan kote sa yo nou

rekonnèt kòm chan misyon, nou vle wè legliz devlope konplètman otonom e ya gen rapò fratènel ak denominasyon paran an.

## **ATIK VI. –KONFÈRANS JENERAL**

Konfèrans Jeneral se kò reprezantatif denominasyon an pa ki mwayen denominasyon an travay pou akonpli objektif li yo e kote li delege pi gran pouvwa pou fè desizyon sipèvize, lejislatif e jidisyèl.

### **A. REYINYON**

Konfèrans Jeneral la va reyini chak 2 ane a you lè e nan you plas detèmine pa Konfèrans Jeneral la ou Konsèy Siveyans Jeneral la.

### **B. KONFÈRANS ESPESYAL**

Kapab genyen you Konfèrans Espesyal si Konsèy Siveyans Jeneral ou si twa ou plis konfèrans rejyonnal ou konfèrans distrik fè demann. La fèt a tan ak nan plas Konsèy Siveyans Jeneral fikse, men fòk anons fèt o-mwen 60 jou davans. Manm Konfèrans Jeneral Espesyal la va konpoze ak sa yo ki te manm dènve Konfèrans Jeneral la.

### **C. KONPOZISYON**

1. Konfèrans Jeneral la va konpoze ak manm Konsèy Siveyans e Konsèy Dirèksyon Travay Le Seyè, pastè yo ki gen kredansyèl, misyonè yo ki an konje nan peyi isit la, prezidan Bethel College, dirèktè Travay Fanm Yo, dirèktè egzekitif Missionary Church Investment Foundation, tout dirèkte e koòdinatè kap travay a plen tan pou denominasyon, rejyon ak distrik, e reprezantan chak legliz òganize. Selon mwayèn asistans nan sèvis primè adorayon an, chak legliz va voye you reprezantan pou chak 200 mwayèn asistans la.  
1-200 mwayèn asistans – youn reprezantan  
201-400 mwayèn asistans – de reprezantan  
401-600 mwayèn asistans – twa reprezantan

Reprezantan yo bezwen manm legliz lokal la yo reprezante.

2. Konfèrans la kapab ofri opòtinite a komite apwente pa konfèrans la, reprezantan fratènel yo, vizitè, ak konsiltan yo pou asistè e pou you patisipasyon limite.
3. Reprezantan legliz nasyonal lòt peyi yo ki asiste konfèrans la va rekonnèt kòm reprezantan fratènel.

### **D. VOT**

Vot va fèt ak manm konfèrans la ki prezan nan reyinyon an lè yo fè vot la. Moun absan reyinyon sa pa kapab vote ni pèsonn pa kapab vote pou youn ki pa la.

### **E. DEVWA YO**

1. Konfèrans Jeneral la sèvi kòm gadyen valè ak plan òganizasyon an
2. Konfèrans Jeneral la va sèvi kòm gad konstitisyon an, règleman yo ak tout papyè pozisyon adopte yo.

3. Konfèrans Jeneral la va rasanble chak dèz ane (nan you sèsyon) pou kondwi tout biznis nesèsè pou denominasyon an, tandis ke yo mete atansyon sou bi a, misyon an, ak vizyon travay global Legliz Misyonnè lokal yo, ak òganizasyon entènal ki sipòte yo. Anfaz pi enpòtan nan Konfèrans Jeneral la va enspirasyon, enfòmasyon, antrenman, devlopman travay ansanm, ak aksyon kòporal.
4. Konfèrans Jeneral la va dirije pa prezidan denominasyon an. Prezidan (medyatè) Konsèy Siveyans Jeneral va sèvi kòm vis prezidan.
5. Konfèrans Jeneral la va eli 3 pami 5 ofisye denominasyon an – prezidan, vis prezidan, ak sekretè – pou you tèm de 4 ane, pami kandida prezante pa Komite Nominatif. Sila yo ki eli pa va sèvi pliske twa tèm konsekitif (youn apre lòt). Tèm prezidan ak vis prezidan va dispèse.
6. Konfèrans Jeneral la va eli 10 manm Konsèy Siveyans Jeneral la pou tèm kat ane pami kandida ki prezante pa Komite Nominatif la. (Plis, prezidan, vis prezidan ak sekretè va sèvi kòm manm akòz ofis yo.) Tèm yo va dispèse, men sa yo ki eli pap sèvi plis pase 2 tèm konsekitif.
7. Konfèrans Jeneral la va eli tou-le-sèt manm Komite Nominatif pou tèm de sis ane pami twa kandida prezante pa Konsèy Siveyans Jeneral, e kat kandida prezante pa Konsèy Dirèksyon Travay Le Seyè. Tèm yo va dispèse, men sa ki eli pap sèvi pliske you tèm konsekitif.
8. Konfèrans Jeneral la va eli tou-le-nèf manm Komite Konstitisyon an pou sis ane. Yo va chwazi pami kat kandida Konsèy Siveyans Jeneral la prezante e senk kandida prezante pa Konsèy Dirèksyon Travay Le Seyè a.
9. Konfèrans Jeneral va sètifye lis non moun yo ki enrejistre, òganize prose konfèrans la, e detèmine règ yo pou konfèrans la.
10. Konfèrans Jeneral la va eli manm pou komite administratif yo lè konstitiyon an pa fe lòt pwovizyon pou sa, eli prezidan lòt òganizasyon ògzilyè yo ak nenpòt lòt ofisye ou komite lè pa gen lòt règ pou fè-l. Konfèrans Jeneral la va gen pouvwa pou raple nenpòt ofisye konfèrans la te apwente ou eli.
11. Konfèrans Jeneral la va resevwa e apwouve rapò ofisye jeneral yo sou aktivite denominasyon an, resevwa e apwouve rapò ofisye responsab yo pou konfèrans reyjonnal ak distrik yo, administratè denominasyon e ògzilyè yo, otòrize etablisman nouvo depatman yo, enstitisyon ak ajans yo, apwouve desizyon polisi majè yo ki afèkte nenpòt pati denominasyon an, konsidere rekomandasyon komite, ofisye jeneral, ou konfèrans reyjonnal ak distrik, sèvi kòm dènve abitè pou entèpwetasyon Konstitisyon sa a, e nan dispit pwoblèm yo ki gen konsekans majè ki pat rezoud nan lòt komite yo, epi pran swen lòt biznis ki òtremman pa gen pwovizyon pou fè-l.
12. Konfèrans Jeneral la va gen dwa pou fè amandman Konstitisyon an selon pwovizyon fèt davans e pou adopte règleman nesèsè.

## **ATIK VII – OFISYE YO**

### **A. OFISYE JENERAL**

Ofisye jeneral va prezidan, vis prezidan, sekretè, trezòrye, e medyatè Konsèy Siveyans Jeneral. Pèsonn pa kapab sèvi pliske youn nan ofis sa yo a la fwa.

### **B. PREZIDAN**

Prezidan an va you nòm eli pou you tèm de kat anne pa Konfèrans Jeneral, e Komite Nominatif va prezante kandida yo. Tèm pou prezidan e sekretè va fikse pou yo pa pran ofis menm anne a, e moun ki reyisi pa kapab sèvi pliske twa tèm. Prezidan bezwen you moun ki koute byen, kapab ède lòt moun sèvi ak talen yo, abilite yo, ède lòt moun pou yo efèksif, kapab kominike byen, genyen you bon rapò pou entegrite, kapab ède lòt moun pou devlope, enplimante, e gide you vizyon travay pou Legliz Misyonè. Prezidan an va sèvi kòm prezidan Konsèy Siveyans Jeneral e prezidan Konfèrans Jeneral.

### **C. VIS PREZIDAN**

Vis Prezidan an va you nòm òdonne ki eli pou kat anne pa Konfèrans Jeneral e va fè devwa prezidan bay li fè. Nan ka lanmò, demisyon ou rapleman prezidan an, vis prezidan va devni prezidan jiska prochenn Konfèrans Jeneral.

### **D. SEKRETE**

Sekretè va eli pou you tèm kat anne pa Konfèrans Jeneral pami kandida Komite Nominatif bay yo. Tèm pou prezidan e sekretè va fikse pou yo pa pran ofis menm anne a, e moun ki reyisi pa kapab sèvi pliske twa tèm. Sekretè va sèvi kòm rekòdè e ajan kòrespondan pou afè denominasyon lè lòt ofisye ou depatman pa fè-l. Sekretè a va bay avètiman tan e plas pou Konfèrans Jeneral nan piblikasyon periyodik denominasyon an nan fason ki nesèsè; notifye Konsèy Siveyans Jeneral tan e plas pou reyinyon yo; kenbe you kaye pèmanan tout pwosede Konfèrans Jeneral e Konsèy Siveyans Jeneral; notifie tout sa yo ki bezwen enfòmè de aksyon Konfèrans Jeneral ak Konsèy Siveyans Jeneral, sòf gen lòt fason ya jwenn enfòmasyon an; prepare pou enprime notifikasyon sa yo, anons yo, kaye yo, eksètera, e tou sa ki rekomande pou piblikasyon pa Konfèrans Jeneral ou Konsèy Siveyans Jeneral; distribiye Sètifika Kredansyèl pou nouvo pastè kredansyèlize e pastè lisans e misyonè ki te sètifye pa konfèrans rejyonnal ou distrik yo; kenbe you kaye pèmanan tout paste ki gen lisans, paste ki òdonne ak misyonè nan denominasyon an e nenpòt lòt travay ki nesèsè.

### **E. MEDYATE (PREZIDAN) KONSÈY SIVEYANS JENERAL**

Prezidan Konsèy Siveyans Jeneral va bezwen you vot pliske 67% pami manm Konsèy Siveyans Jeneral apa de prezidan, sekrete e trezòrye. Tèm pou li va pou 2 zan. Moun ki eli pa kap sèvi pliske kat tèm konsekitif (youn apre lòt).

### **F. TREZÒRYE**

Trezòrye a va eli avèk o-mwen de-tyè majorite vot Konsèy Siveyans Jeneral pami manm li yo. Tèm trezòrye a va pou 2 zan. Sila ki reyisi pap sèvi pliske kat tèm konsekitif (youn apre lòt).

Moun sa va gen siveyans jeneral sou afè fiskal denominasyon an e va gadyen byen denominasyon an. Moun sa va asiste nan preparasyon rapò revni e bije depans anyèl e va gadyen pou sa denominasyon an pwete e envèsti. Trezòrye a va sèvi kòm reprezantan komite a ak verifikatè ekstènèl, bay rapò enfòmasyon finansyèl pou kontròlè a, prezidan, Komite Siveyans Jeneral, epi bay you rapò verifeye pou Konfèrans Jeneral.

## **ATIK VIII – KONSÈY SIVEYANS JENERAL**

### **A. KONPOZISYON**

1. Konsèy Siveyans Jeneral va konpoze ak trèz manm (dis manm plis prezidan, vis preziden ak sekretè denominasyon an) e pou fè reyinyon ya bezwen nèf manm prezan. Sèt pami trèz manm bezwen pastè òdonne.
2. Kòm you gwoup chèf bibliik, Konsèy Siveyans Jeneral dwe gen karakte ki montre matirite espirityèl, entegrite pèsonnèl, gen don ak eksperyans kòm lidè, ak anpil dezi pou le byen Legliz Misyonnè.
3. Manm Konsèy Siveyans Jeneral va eli pou you tèm kat ane pa Konfèrans Jeneral pami kandida chwazi pa Komite Nominatif. Tèm yo va fikse pou yo pa fini tout menm ane a, men yo pap sèvi pliske 2 tèm konplèt konsekitif (youn apre lòt).

### **B. DEVWA YO**

1. Konsèy Siveyans Jeneral va pran ròl ak responsability Konfèrans Jeneral e va kanpe nan plas li ant lè li reyini nan sèsyon li.
2. Manm Konsèy Siveyans Jeneral va gadyen denominasyon an. Yap pran responsabilite finans denominasyon an. Devwa sa enkli apwouve bije denominasyon an, afè jeran, ak siveyans jeneral ekonomik li. Yo otòriz pou resevwa e kenbe nan depo tout lajan, don yo, e legasi yo, obtèni ou pwète lajan, achte ou vann, amèlyore ou echanje tè, ou lòt pwopwyete tankou fon yo, prèt yo, lèt sekirite yo, kontra pou annyete yo, sèvi kòm gadyen pou pwopwyete ak kado nan konfòmite ak lalwa nan tout eta yo. Nenpòt 2 ofisyè nan denominasyon an gen otòrizasyon pou siye dokiman konvènab e negosye you prèt.
3. Konsèy Siveyans Jeneral va fè plan pou Konfèrans Jeneral e fòme komite yo ki nesèsè.
4. Konsèy Siveyans Jeneral va etabli limit teritwa pou nouvo rejyon e pou distrik ki deja egziste.
5. Si, akòz malfèzans nan ofis ou mal kondwit pa youn ofisyè ki te eli pa Konfèrans Jeneral, Konsèy Siveyans Jeneral va gen otòrite pou fè envestigasyon jidisyèl e pran aksyon ki nesèsè.
6. Konsèy Siveyans Jeneral se abit tout apèl konsènè prose ka yo.
7. Konsèy Siveyans Jeneral va eli pami manm konsèy la de (2) manm pami kat ofisyè jeneral – medyatè Konsèy Siveyans Jeneral ak trezòrye a. Tèm yo va pou de zan e tou-le-de elèksyon demann vot de-tyè majorite a. Sa ki reyisi pap sèvi pliske kat tèm youn apre lòt.

8. Konsèy Siveyans Jeneral va ratifye tout kandida ki kanpe pou elèksyon ou pou apwente pou sèvi Konsèy Siveyans Jeneral sòf prezidan an.
9. Konsèy Siveyans Jeneral va ratifye desizyon Konsèy Dirèksyon Travay Le Seyè yo alega règ sèvis la, estrateji, e estrikti òganizasyon.
10. Konsèy Siveyans Jeneral va kondwi you evalyasyon chak ane pou prezidan an.
11. Si pou nenpòt rezon prezidan, sekretè ou you manm Konsèy Siveyans Jeneral, komite nomanatif ou komite konstitisyon an pa kapab kontinye sèvi, Konsèy Siveyans Jeneral gen pouvwa pou nonme you moun pran plas li jiska prochenn Konfèrans Jeneral.
12. Konsèy Siveyans Jeneral va reyini o-mwen twa fwa pa ane. Se sijere youn nan reyinyon sa yo va fèt ansanm ak Konsèy Dirèksyon Travay Le Seyè, lòt gwoup chèf bibliik la, pou lapriyè e konsiltasyon.

## **ATIK IX – KONSÈY DIRÈKSYON TRAVAY LE SEYÈ**

### **A. KONPOZISYON**

1. Konsèy Dirèksyon Travay Le Seyè va konpoze ak prezidan, dirèktè Travay O-Zeta Zini, dirèktè World Partners, dirèktè reyonnal e distrik yo, de (2) reprezantan de World Partners, e you reprezantan Bethel College (swa prezidan an ou you reprezantan chwazi).

Dirèktè Travay O-Zeta Zini e dirèktè World Partners va nomine pa prezidan an. An konsiltasyon ak dirèktè World Partners, prezidan an va nomine reprezantan yo pou World Partners. Si prezidan Bethel College pa sèvi, reprezantan Bethel College va nomine pa prezidan an an konsiltasyon ak prezidan Bethel College. Tout kandida yo dwe prezante devan ni Konsèy Siveyans Jeneral ni Konsèy Dirèksyon Travay Le Seyè pou ratifye yo kòm kandida.

2. Prezidan an va dirije reyinyon Konsèy Dirèktè Travay Le Seyè.

### **B. DEVWA YO**

1. Kòm you gwoup chèf bibliik, Konsèy Dirèksyon Travay Le Seyè va pran responsabilite primè pou mennen Legliz Misyonè devan pou akonpli bi e misyon li – you travay efikas e global, pa Legliz Misyonè yo, soutni pa òganizasyon denominasyon avèk ki yo fè pati.
2. Konsèy Dirèksyon Travay Le Seyè pòte manda responsabilite fè plan e gide estrateji travay la, pou enplimante travay la, resous li yo, ak òganizasyon li yo kap soutni travay la antravè tout denominasyon an. Ansanm ak òganizasyon reyonnal e distrik yo, Konsèy Dirèksyon Travay Le Seyè gen pèmasyon pwopoze e pilote nouvo òganizasyon reyonnal e distrik yo pou angrandisman e ògmantasyon, depi Konsèy Siveyans Jeneral ratifye plan an.
3. Konsèy Dirèksyon Travay Le Seyè a va fòme, pwopoze, e enplimante plan vizyon travay la pou sa efikas pou fè Legliz Misyonè grandi.
4. Konsèy Dirèksyon Travay Le Seyè a va reyini o-mwen kat fwa pa ane pou ranpli ròl li e responsabilite li kòm dirijan travay la. Depi Konsèy Dirèksyon Travay Le Seyè a va sèvi kòm you gwoup chèf bibliik pou denominasyon an, nou sijere youn nan reyinyon yo va



you reyinyon ak Konsèy Siveyans Jeneral, lòt gwoup chèf biblik, pou lapriyè e konsiltasyon.

5. Konsèy Dirèksyon Travay Le Seyè a va detèmine ròl sipò ak responsabilite pou biwo denominasyon an e World Partners. Jan biwo denominasyon an e World Partners òganize yo ak moun yo anplwaye va deside pa prezidan e dirije pa dirèktè yo.
6. Konsèy Dirèksyon Travay Le Seyè a va ède prezidan an:
  - Regilyèman chache infòmasyon e opòtinite pou koute nan chak rejyon e distrik pou ède gide travay Konsèy Dirèksyon Travay Le Seyè e moun yo kap travay nan biwo denominasyon an.
  - Regilyèman chache infòmasyon e opòtinite pou koute “Pastor Peer Networks” pou ède gide travay Konsèy Dirèksyon Travay Le Seyè e moun yo kap travay nan biwo denominasyon an.

## **ATIK X – KOMITE NOMINATIF**

### **A. KONPOZISYON**

Komite Nominatif va konpoze ak sèt manm eli pa Konfèrans Jeneral pou you tèm de sis anne ak twa kandida prezante pa Konsèy Siveyans Jeneral, e kat kandida prezante pa Konsèy Dirèksyon Travay Le Seyè a. Tèm yo va fikse pou yo pa tout fini menm anne a, e yo pap sèvi pliske you tèm konsèketif (tèm swit swit).

### **B. ANREJISTMAN KANDIDA YO**

1. Prezidan Konsèy Siveyans Jeneral va reyini ansanm Komite Nominatif la pou li òganize. Reyinyon sa bezwen fèt pa plita pase en an avan Konfèrans Jeneral.
2. Komite Nominatif va mande nan chak rejyon, distrik, legliz e moun pwensipal yo nan Bethel College pou moun ki ta kapab kandida. Nenpòt manm Legliz Misyonnè lokal kapab nonme you kandida.
3. Komite Nominatif kapab mande moun dirèkteman ki sanble konvènab pou ranpli ofis yo.
4. Komite Nominatif va konsilte ak Konsèy Siveyans Jeneral e Konsèy Dirèksyon Travay Le Seyè a pou twouve non moun ki kapab kanpe kòm kandida pou prezidan.

### **C. EGZAMINE KANDIDA YO**

1. Ya egzamine kandida yo selon règ swivan yo:
  - Anpil diyalog ak kritik va fèt selon kalifikasyon biblik pou chèf biblik.
  - Kandida yo va moun ki asiste legliz distrik ou rejyon yo e ki sipòte Legliz Misyonnè ak chalè.
  - Ya kesyone kandida yo selon kalifikasyon you lidè – apèl, karaktè, konpòtman nan misyon, etsètera.
  - Ya mande kesyon selon konpòtman ki nesèsè nan ròl kandida a va sèvi si-l reyisi.
  - Komite Nominatif ankouraje pou konsidere chwazi kandida ki reprezante plizyè rejyon si posib.

2. Bilten nominatif va poste twa mwa davans Konfèrans Jeneral la.

- Si gen dezi pou nomine moun ki pa sou bilten nominatif, ya bay you mwa pou moun soumèt lòt nominasyon sa a.
- Nenpòt nomine konsa va bezwen 25 moun ki delege enrejistre siye demann sa a.
- Nomine sa yo va bezwen kèsyonne selon menm prose lòt nomine yo.
- Si komite nominatif twouve moun nan kalifye, ya ajoute non sa sou bilten.
- Si komite nominatif twouve moun nan pa kalifye, ya notifie moun ki te nomine moun nan
- Si moun ki fè nominasyon an pèsiste chache mete non moun nan sou bilten, komite nominatif va soumèt non an san rekomandasyon..
- Bilten nominatif final va poste you mwa avan Konfèran Jeneral.

### **ATIK XI – KOMITE KONSTITISYON**

#### **A. KONPOZISYON**

Komite Konstitisyon an va genyen nèf manm eli pa Konfèrans Jeneral pou tèm de siz an pami kat kandida yo Konsèy Siveyans Jeneral te prezante, ak senk kandida Konsèy Dirèksyon Travay Le Seyè prezante. Tèm yo va fèt pou pa tout fini menm ane, e yo pap sèvi pliske you tèm ala fwa.

#### **B. FONKSYON**

Komite Konstitisyon an va responsab pou revè kandida Konfèrans Jeneral, Konsèy Siveyans Jeneral, e Konsèy Dirèksyon Travay Le Seyè bay yo. Li va konsidere sijèsyon pou amelyore Papye Pozisyon yo nan konstitisyon an. Li va revè rèkomandasyon rejyon yo ak distrik yo e chache pou fasilite konsiderasyon yo nan Konfèrans Jeneral. Li gen otòrite pou rèkomande modifikasyon yo pou Konstitisyon an e Papye Pozisyon yo.

### **ATIK XII - DIRÈKTÈ DENOMINASYONAL**

Prezidan a va nomine tout dirèktè denominasyon e Konsèy Siveyans Jeneral ak Konsèy Dirèksyon Travay Le Seyè. Chak dirèktè va responsab a prezidan. Konsèy Siveyans Jeneral ak Konsèy Dirèksyon Travay Le Seyè va apwouve konbyen dirèktè va genyen e dekrive responsabilite pou chak dirèktè.

Konsèy Siveyans Jeneral e Konsèy Dirèksyon Travay Le Seyè, sòf si gen lòt pwovizyon nan konstitisyon an. kapab nonme komite yo e apwouve gid yo ak règ lokal yo pou kondwit ministè yo pou depatman varye yo.

### **ATIK XIII – BETHEL COLLEGE**

- A.** Bethel College va egziste kòm kolèj Legliz Misyonnè, Inc.
- B.** Komite Gadyèn Bethel College la va konsève yo menm e tout pwopwyete legal vèsti nan li. Sepandan, si kolej ta dezoud, tout asèt yo ta dèveni pwopwyete Legliz Misyonnè, Inc.
- C.** O-mwen mwaye manm Komite Siveyans Bethel College bezwen manm fidèl nan Legliz Misyonnè. Plis, Prèzidan Legliz Misyonnè, Inc. akòz ofis li, va manm komite kolèj la. Tout moun yo apwente sou Komite Siveyans pou Bethel College va afime atik de lafwa kolèj la ki

va konfòme ak Atik de Lafwa Legliz Misyonnè, Inc, avan chak tèm nan ofis. Konsèy Siveyans Jeneral ou Konfèrans Jeneral de Legliz Misyonnè, Inc. kapab, nan nenpòt reyinyon pa you vòt de 67 pousan, deplase nenpòt gadyen pou Bethel College.

- D.** Prezidan Bethel College dwe you manm fidèl nan Legliz Misyonnè, Inc. Elèksyon li ak chak fwa li reyisi ankò dwe ratifye pa Konsèy Siveyans Jeneral Legliz Misyonnè, Inc. Li va rann you rapò chak ane, ou osi souvan gen rekèt pou sa, a Konsèy Siveyans Jeneral e a chak Konfèrans Jeneral. Rapò yo va dekrive tout operasyon kolèj la.

## **ATIK XIV – ÒGANIZASYON ÒGZILYÈ**

### **A. TRAVAY SÈ YO (WOMEN'S MINISTRY)**

1. Fonksyon Travay Sè yo se pou asiste denominasyon nan aktivite yo nan misyon entèryè e etranje, pou ède òganize e gide travay distrik, rejyon e lokal nan èdikasyon espirityèl e pou avansman travay nan you fason nou tout dakò, pou bay dirèksyon èfo òganizasyon sa a genyen, an konfòmite ak règ denominasyon yo, e pou koòdonne travay li ak depatman respèktif yo.
2. You konsèy, konpoze ak dirèktè denominasyon Travay Sè yo e dirèktè rejyonnal e distrik yo va koòdonne e bay dirèksyon jeneral pou aktivite òganizasyon an. La sèvi kòm gwoup ki fè règ yo e kòm komite ki bay konsèy ki bezwen apwouve pa Konsèy Dirèksyon Travay Le Seyè. Konsèy la va òganize pwòp tèt li e kapab fè règ lokal pou gouvènè aktivite li, men Konsèy Dirèksyon Travay Le Seyè a va bezwen apwouve règ yo.
3. You dirèktè Travay Sé Yo va apwente pa dirèktè Travay O-Zeta Zini sou rekomandasyon Konsèy Travay Sè yo. Apwentman sa va pou you tèm 2 ane.
4. Konsèy Travay Sè va bay you rapè pou chak Konfèrans Jeneral.

### **B. FRÈ MISYONNÈ ENTÈNASYONAL YO (MISSIONARY MEN INTERNATIONAL)**

1. Pou ranpli Gran Konmisyon an (Matye 28:18-20), bi Frè Misyonnè Entènasyonal yo va etabli nan tout Legliz Misyonnè you òganizasyon sèvis ki va angajè pou jwenn, bati, e ekipe lòm yo pou Jezi Kri, e bay sipò aktif pou travay denominasyon nan peyi nou ak peyi etranj yo, nan tout fason pou ranpli objèktif yo ak règ denominasyon an e divizyon e depatman li yo.
2. Dirèktè denominasyon an pou Travay O-Zeta Zini, ou sila li apwente. va sèvi kòm reprezantan denominasyon pou òganizasyon rejyonnal e distrik yo.
3. Misyonnè Frè Entènasyonal va bay you rapò nan chak Konfèrans Jeneral.

### **C. FONDASYON LEGLIZ MISYONNÈ ENVÈSTISMAN (MISSIONARY CHURCH INVESTMENT FOUNDATION)**

1. Fondasyon Legliz Misyonnè Envèstisman se you sibsidyè enkòpòdede Legliz Misyonnè Inc. pou sipòte aktivite ak travay yo e òganize:
  - a. Pou kreye e administre you fon (kès) ak bi pou finans konstriksyon ou achte èdifis, kay pou pastè yo, e lòt pwoje nan Legliz Misyonnè, Inc., tankou, lekòl, tèrin pou

konfèrans, batiman administratif, e kay pou moun plis ansyen, ministè ak misyonnè ki pran retrèt ak timoun e madanm yo.

- b. Pou rèsevwa e kenbe pwopwyete, lajan yo, kado yo, legasi yo; resevwa, pwete e bay kredi, achte, kenbe, vann, amelyore, lwe, transmèt, vann pou kredi, e echanje tè e pwopwyete pèsonèl, konpri men pa limite pou nenpòt fon, e fè akòd anyete.
  - c. Pwete bay sètifika pou pwomosyon tout objè masyonne yo, tout sou tèm ak kondisyon komite dirèktè a va otòrize.
2. Afè fondasyon yo va administre pa you Komite Dirijan. Total manm Komite Dirijan pap mwens ke 12 pèsonn e pa mwens ke 8 apwente pa Konsèy Siveyans Jeneral sou rekomandasyon komite dirijan de Fondasyon Legliz Misyonnè Invèstisman, Inc. Pami manm apwente, pa va gen pliske senk ministè. Manm ki va sou komite otomatikman akòz pozisyon yo va prezidan, tresòrye, e you dirèktè egzekitif nan Legliz Misyonnè ki va apwente pa Konsèy Siveyans Jeneral e dirèktè egzekitif fondasyon an.
  3. Dirèktè egzekitif bezwen rèkomandasyon pa Fondasyon Legliz Misyonnè Invèstisman, Inc e li bezwen apwouve chak anne pa Konsèy Siveyans Jeneral.
  4. Fondasyon an va bay rapò chak anne pou Konsèy Siveyans Jeneral e chak Konfèrans Jeneral Legliz Misyonnè. Dirèktè egzekitif li va manm Konfèrans Jeneral akòz ofis li.
  5. Konsèy Siveyans Jeneral avèk you vot majòrite kapab, nenpòt lè, raple nenpòt manm nan Fondasyon Legliz Misyonnè Invèstisman an.

## **ATIK XV – KONFÈRANS REJYONNAL YO**

Konfèrans rejyonnal e distrik va òganize pa Konsèy Siveyans Jeneral pou yo sivèye travay yo andedan zonn jeografik deziye yo. Òganizasyon distrik ki egziste avan Jiye 2009 kapab kontinye opèrè kòm distrik e va swiv guid swivan yo:

### **A. JIRISDIKSYON**

1. Chak rejyon va govène pa you komite rejyonnal e, si konvènab, konfèrans rejyonnal ki va fonksyone ann akò ak otòrite desiye pa konstitisyon an e konfèrans la.
2. Rejyon va enkli tout legliz yo ak distrik yo ki nan teritwa pa yo selon Konsèy Siveyans Jeneral.
3. Distrik misyon kapab etabli pa komite rejyonnal andedan zonn jeografik li.

### **B. DEVWA YO**

1. Chak rejyon kapab etabli règ yo pou govène òganizasyon li, ofisye yo e travay yo selon Konstitisyon Legliz Misyonnè.
2. Li va rèkomande etablisman nouvo distrik yo andedan rejyon an e you gid pou govène selon règ yo etabli pa Konsèy Siveyans Jeneral.
3. Li va dirije konfèrans ak travay yo nan rejyon kòm nesèsè. Li va komanse e avanse travay denominasyon an.

4. Li va resevwa rapò dirèktè rejyonnal ak lòt ofisye yo, pastè yo, travayè yo, komite yo e soumèt a Konfèrans Jeneral rapò yo demande.
5. Lè rejyon vlè, yo kapab fè rèkomandasyon bay Konfèrans Jeneral.

### **C. OFISYE YO AK KOMITE YO**

1. Dirèktè Rejyonnal
  - a. Dirèkte Rejyonnal la bezwen you nòm eli ou afime pou you tèm pa pliskè kat ane kòm li di nan règ rejyon an, pami ministè yo ki òdonne nan Legliz Misyonnè.
  - b. Prose pou elèksyon ou afime bezwen enkli koze ak prezidan denominasyon an sou nomine yo. Nomine (yo) va ratifye pa Konsèy Siveyans Jeneral e Konsèy Dirèksyon Travay Le Seyè avan elèksyon ou afime va fèt pa ofisye rejyonnal.
  - c. Dirèktè Rejyonnal la va konskri e ekipe lòt lidè yo, motive e otòrize pastè e lidè yo pou ranpli vizyon rejyonnal, sivèye legliz e moun ki gen kredantye, e fè rapò a konfèrans rejyonnal.
  - d. Nan ka nesese, la gen otòrite, an konsiltasyon ak komite rejyonnal la, pou pran aksyon ki nesese pou chanje ou transfère ministè yo pou pwoteje legliz yo e manm yo nan rejyon an.
  - e. Li va rann a Konfèrans Jeneral you repò konplèt de travay nan rejyon an, ak you rapò estatistik abrèje.

#### 2. Lòt ofisye yo

Rejyon va chwazi lòt ofisye, komite yo, ak lidè yo yo kwè se nesese pou akonpli vizyon e misyon pou rejyon an, pou ranpli demann Konstitisyon Legliz Misyonnè e pou konplète demann leta, ou nan leta kote demann sa yo egziste.

#### 3. Komite rejyonnal

- a. Komite rejyonnal va genyen dirèkte rejyonnal e lòt ofisye e reprezantan yo ki nesese selon sa règ rejyonnal yo demande.
- b. Li va apwouve nouvo legliz kòm manm nan Legliz Misyonnè e va sètifye sa yo ak biwo denominasyon an. Responsabilite la va transfère a distrik yo lè yo òganize konplètman. Ofisyal denominasyon an va voye legliz you sètifika bay yo ki di yo se manm.
- c. Li va apwouve kandida ministè e rèkomande lisans e òdonne ministè yo. Chak ane li va sètifye bay ofis denominasyon an you lis ministè òdonne e lisans pou sa yo ki nan rejyon pa li. Responsablite sa a va transfère a district yo le yo konplètman òganize.
- d. Komite rejyonnal va sèvi kòm komite relasyon ministè yo. Li va gen responsabilite pou asiste nan selèksyon pastè a, pou konsidere prefèrans legliz yo ak pastè yo, pou rezoud konfli yo e pwoblèm yo ki vini nan selèksyon pastè yo nan pi gran intère legliz yo, pastè yo, e denominasyon an. Chak rejyon va detèmine ki vot ki fè pastè la reyisi e

tèm sèvis li. Sa va responsabilite komite a pou pran aksyon ak komite legliz respèktif pou ranpli vid la kote pa gen pastè pandan ane a. Reponsabilite sa va transfère a komite distrik lè li konplètman oganize.

- e. Komite rejyonnal va gadyen pou rejyon an. Li va kenbe pwopwyetè rejyonnal yo byen gade, e va gen otòrite pou resevwa e kenbe nan depo, lajan, kado yo, etc., resevwa, pwete a lòt, ou pwete lajan, achte, vann, amelyore, echanje tè, ou lòt pwopwiyète tankou envèstisman ou papyè tè, e sèvi kòm gadyen de pwopwiyète, e don yo resevwa akòz moun ki mouri, nan konfòmite ak lalwa sivil nan eta yo e swiv ak otòrite rejyon an te bay li.

## **ATIK XVI – KONFÈRANS DISTRIK YO**

Distrik yo andedan you rejyon va rekonnèt pa komite rejyonnal la selon règ yo ki te etabli pa Konsèy Dirèksyon Travay Le Seyè e Konsèy Siveyans Jeneral.

### **A. JURISDISYON**

1. Chak distrik va govène pa you konfèrans distrik anyèl e kapab etabli règ e plan pou govène òganizasyon li, ofisye yo e travay li yo selon konstitisyon Legliz Misyonnè e règ rèjyonal yo.
2. Distriks va konpoze ak tout legliz e enstitisyon distrik andedan teritwa deziye pa rejyon an.

### **B. ÒGANIZASYON**

1. Reyinyon. Chak konfèrans distrik va reyini chak ane nan you lè e you plas yo deside. Dirèktè distrik la ou moun li apwente va dirèktè reyinyon an.
2. Konfèrans Espesyal. Komite distrik kapab mande pou you konfèrans distrik èspesyal.
3. Manm yo. Konfèrans Distrik va konpoze ak tout ministè òdonne e lisansè ki gen rezidans nan distrik la, tout ofisye konfèrans yo, o-mwen you delege nan chak legliz òganize, e lòt reprezantasyon konfèrans va detèmine, e manm komite konfèrans yo selon sa distrik la va detèmine.
4. Vot. Manm konfèrans ki prezan nan reyinyon lè yo pran vot kapab vote. Nenpòt moun ki pa prezan nan reyinyon an pa kapab vote.

### **C. DEVWA YO**

1. Konfèrans distrik la va eli ou ratifye you dirèkte district e lòt ofisye ak komite yo kwè se nesèsè ou konvènab ak règ yo.
2. Li va kondwi konfèrans yo, kan reyinyon yo ou konvansyon yo nan distrik kòm pwatikab e pran aksyon ki nesèsè pou fè avanse travay denominasyon yo.
3. Li va resevwa rapò dirèktè distrik la ak lòt ofisye yo, ouvriye yo, komite yo e remèt rapò yo Konfèrans Jeneral va mande.
4. Konfèrans distrik va gen dwa bay Konfèran Jeneral rekomandasyon.

5. La gen otòrite pou fè règ pou gouvèman li ki va dakò ak Konstitisyon an e aksyon Konfèrans Jeneral.

## **D. OFISYE YO**

### 1. Dirèktè Distrik

- a. Dirèktè distrik la va you nòm eli pou you tèm pa pliskè kat ane pa Konfèrans Distrik la. Ya chwazi li pami ministè yo ki òdonne pa Legliz Misyonnè.
- b. Prose a pou elèksyon ou afime va konpri koze ak dirèktè reyonnal alega kalifikasyon nomine a (yo). Nomine a (yo) bezwen apwouve pa Komite Reyonnal avan elèksyon ou afimasyon an.
- c. Dirèktè distrik va gen sipèvizyon sou tout legliz e ouvriye yo andedan distrik li, fè preparasyon pou konvasyon yo ou konfèrans yo andedan distrik, ranje reyinyon nan chak legliz nan intère pwogram denominasyon, pou apiye devwa legliz yo pou pastè yo, e sipòte Konstitisyon an.
- d. Ant konfèrans distrik yo, li va gen otòrite, an konsiltasyon ak komite distrik la, pou pran aksyon nesèsè pou chanje ou transfère pastè yo, ou pou pwoteje legliz e manm nan distrik la.
- e. Chak ane la bay you rapò konplèt sou travay distrik li a dirèktè reyonnal la.
- f. Dirèktè district la va you bèje pou ministè yo nan devlopman pèsònèl esprityèl nan kontinyasyon devlopman abilite siveyans yo, nan relasyon ak sa yo yo sèvi, e nan travay yo pou devlope moun ki konsakre pou swiv Kris.

### 2. Lot ofisye yo

Distrik la va chwazi lòt ofisye yo, komite yo e siveyans kòm yo wè se nesèsè pou akonpli vizyon an e misyon distrik la, pou ranpli demann konstitisyon Legliz Misyonnè, pou ranpli demann legal nan leta, ou leta yo, kote li egziste.

### 3. Komite Distrik

- a. Komite District la va konpoze ak dirèktè distrik e lòt ofisye yo e reprezantan yo kòm règ distrik la demande.
- b. Li va apwouve nouvo legliz yo pou devni manm nan Legliz Misyonnè e va sètifye yo ak biwo denonminasyon an. Ofisye denominasyon an va bay nouvo legliz la you sètifika manm nan denominasyon an.
- c. Li va egzamine kandida pou ministè e rekomande lisans e òdonne ministè yo e sètifye yo nan biwo denonminasyon an ki va bay yo kredansyèl. Chak ane li va sètifye you lis tout ministè òdonne e lisans ki nan zonn li pou biwo denonminasyon an.
- d. Komite Distrik la va sèvi kòm you komite relasyon pastòral. Komite sa va responsab pou asiste nan selèksyon pastè, avèk konsiderasyon pou prefèrans legliz e pastè yo, e rezoud nenpòt konfli e pwoblèm ki vini nan selèksyon pastè a nan pi gran entere legliz

la , pastè a, e denominasyon an. Chak distrik va detèmine règ pou elèksyon you pastè e tèm sèvis li. Devwa komite a va pou pran aksyon an kooperasyon ak komite legliz alega ranpli plas vid pandan ane a.

- e. Komite distrik va siveyan distrik la. La kenbe nan depo tout pwopwiyète distrik, e gen otòrite pou resevwa e kenbe tout lajan, don, e legasi yo obteni. Pwete pou lòt ou pou you menm, ou achte ou vann, amelyòre ou echanje tèren, ou lòt pwopriyetè tankou fon yo, prèt yo, e lèt sekirite yo, agreman pou anniyete yo, devni kòm gadyen pou pwopwiyète ak don yo an konfòmite ak lalwa sivil yo nan eta yo e swiv otòrite distrik la bay yo.

## **E. MINISTÈ YO**

### **1. Definisyon yo**

Ministè yo se òm ak fanm yo BonDye fè apèl pou sèvi legliz nan kapasite ofisyèl ki nòmalman gen edikasyon espesyalman pou sèvi legliz nan travay sa, e ki ranpli you ròl ofisyèl ki sètifye pa you lisans ou òdonnasyon, e ki resevwa reminerasyon pou sèvis li. Moun sa yo kapab ministè tankou pastè yo, evangelis yo, ministè èdikasyon kretyen yo, ministè yo ki sèvi nan sèvis militè, ou moun yo ki ap bay antrennman teolojik dirèk pou moun ki pral travay nan lèw kretyen.

### **2. Kalifikasyon yo**

#### **a. Ministè yo va genyen kalifikasyon bibliik swivan yo**

- (1) Matirite esprityèl ak karaktè kretyen ki bay prèv fwi esprityèl tankou sa nou wè nan Gal. 5:22-23 e karaktè bibliik demande pou lidè kretyen nan 1 Timote 3:1-7 e Tit 1:5-9.
- (2) Don gadyen an, rekonnèt pa legliz kote yo manm. (Efèz 4:11-14); e
- (3) You Lespri sèvitè ki fè yo kapab soumèt devan otòrite BonDye menm lè yap egzèse otòrite ak amou lè yap travay ak pèp BonDye. (Jan 13:1-17; I Kòrint 4:1-2; Filip. 2:1-11)

#### **b. Ministè yo va gen kalifikasyon èdikasyon swivan:**

- (1) Sètifika Lise ou you sètifika ki egal ak sa.
- (2) Plis edikasyon dapre sa nou li nan deskripsyon pou ministè lisansè e òdonne, (Note: Yo kapab bay konsidèrasyon espesyal apre konsiltasyon ak kandida a e dirèktè reyonnal ou distrik la, e prezidan an ou sila ki rèprezante li, e si komite reyonnal ou distrik la dakò.

#### **c. Ministè yo va gen kalifikasyon denominasyon swivan:**

- (1) Patisipe e konplete you pwogram preskri nan estid istwa e polite nan Legliz Misyonè.
- (2) You desizyon fèm pou kenbe e anseye “Atik de Lafwa e Pwatik” denominasyon an.



- (3) You desizyon fèm pou sipòte pwogram Lègliz Misyonnè yo.
  - (4) You desizyon fèm pou kominikè, ak pawòl e pa egzant, you vi kretyen mondyal kòm nou jwenn nan Konstitisyon Legliz Misyonnè,
  - (5) Bezwen manm nan you Legliz Misyonnè lokal sòf li apwouve pa komite rejonnal ou distrik akòz sikonstans espesyal yo.
  - (6) Tout ministè ki gen kredantiyèl bezwen asiste konfèrans rejonnal/distrik chak ane sòf gen sikonstan moun nan te fè rapò bay dirèktè rejonnal ou distrik la e li te èskize avan konfèrans la fèt.
- d. Se règ Legliz Misyonnè pou pa lisans ou òdonnè moun ki te divòse, divòse e marye ankò, ou marye you moun ki te marye ak you moun ki te divòse. Nan ka yo ki gen sikontans espesyal, yo kapab fè aplikasyon ak komite rejonnal/distrik, e ak you vot  $\frac{3}{4}$  pa komite a yo kapab voye you rèkomandasyon pou Konsèy Siveyans Jeneral e yo va nonme you komisyon pou envèstige valè ka a e bay pèmision ou non.
3. Kategòri ministè ak prose yo pou resevwa kredansyèl yo

a. Lisans pou kandida yo

(1) Deskripsyon

Kandida yo pou resevwa lisans va demontre yo prèt pou pouswiv etid yo ak dilijans jiska yo fini; pou prepare pou òdonnasyon. E bay tèt yo menm konplètman pou travay nan Legliz Misyonnè lè yo fini ak èdikasyon ak lòt demann yo.

(2) Prose

Yo rèkomande moun entèrèse yo komanse aplikasyon kandida youn ane avan yo chache lisans la pou pèmèt ase tan pou ranpli demann yo pou lisans.

- (a) Dèveni manm nan you Legliz Misyonnè lokal.
- (b) Pale ak pastè pa li e dirèktè rejonnal e distrik la alega nati ak kondisyon apèl la yo te resevwa nan men BonDye.
- (c) Resewa you rèkomandasyon ofisyèl de komite legliz lokal yo, e
- (d) Soumèt you Aplikasyon pou Lisans Ministè (Part 1) bay dirèktè rejon ou distrik la pou konsidèasyon pa komite rejonnal ou distrik la.

Kandida pou ministè ki viv kote pa gen Legliz Misyonnè va swiv ak etap (b) e (c) emedyatman anro.

Kandida pou ministè ki viv deyò zonn konfèrans kapab pran aplikasyon bay biwo denominasyon an pou lisans ou òdonnasyon e fòk Konsèy Siveyans Jeneral apwouve li.

(3) Dwa yo

Tout-o-tan kandida ministè yo kontinye nan eta kandida sa a ya gen dwa:

(a) Preche levanjil la

(b) You manm ki pa gen dwa vote nan konfèrans rejyonnal e district e

(c) Transfère you rejyon e distrik pou you lòt, sòf selon règ rejyon ou distrik yo.

(4) Devwa

Moun ki gen estati kòm kandida ministè va responsab bay rapò chak anne pou komite rejyonnal ou district la sou pwogre nan etid yo.

b. Ministè lisanse espesyal yo

(1) Deskripsyon

Tit “ministè espesyalize” sèvi pou dekrive ministè yo ke legliz nan denomina- syon an peye pou travay nan legliz men yo pa gen lisans ni yo pankò òdonne. Moun yo ki kenbe lisans sa yo pap chache pou yo òdonne òdinèman e travay yo jèneralman se pou sivèye you travay defini nan legliz lokal. Dèsiyasyon sa a pa pou pozisyon sipò tankou sèkretè ou konsyèj. Lisans sa a pa kapab transfère a you lòt legliz ou lòt travay.

(2) Kalifikasyon

(a) Aplikan yo bezwen konplète you kou detid ki konsiste o-mwens you kou nan tou-le swivan: Ansyen Tèstaman, Nouvo Tèstaman, teoloji bibli- k ou sistèmatis, entèpwetasyon Bib la, koman prepare e livre mesaj, siveyans, istwa e sistèm Legliz Misyonnè e o-mwen 12 è (semès) etid nan kalite travay espèsilize yo pral fè.

Nan you ka espesyal, e si dirèktè rejyon ou dirèkte distrik apwouve, you moun ak o-mwen 2 anne eksperyans e 12 è (semès) etid o-nivo kolèj nan travay espesyalize sa a, kapab fè aplikasyon. E si konsèy rejyonnal ou distrik la apwouve-l, li kapab resevwa you lisans kòm ministè espesyalize lè li konplète kou Istwa e Politi Legliz Misyonnè.

(b) Moun ki kenbe lisans sa a bezwen deja sèvi pou o-mwen 12 mwa sou you nivo pwofèsyonnal nan travay sa lap espesyalize ladann.

(c) Moun yo ki va genyen lisans sa a bezwen manm Legliz Misyonnè.

(3) Règleman

(a) Koze ak pastè ki an premye nan legliz la alega nati don li yo e travay pwopoze a.

(b) Resevwa you rekomandasyon pastè ki an premye nan legliz la ak konsèy lokal la.

(c) Soumèt aplikasyon an a dirèktè rejyonnal ou distrik la.

(d) Konsèy rejyonnal ou distrik la va egzamine li.

(4) Renouvle

You lisans ministè espesyalize va efikas pou you sèl ane, e òtoritè pou kontinye nan ofis travay kòm you ministè avèk lisans konsa va tèmine sòf li renouvle chak ane pa konfèrans rejyonnal ou distrik la. Lisans sa a kapab renouvle si moun nan te rann sèvis aksèptab nan travay espesyalize sa a, osi fidèlite e konplyans ak règ Legliz Misyonè e distrik la, e li te fidèl pou bay rapò yo. Si ministè espesyalize pa bay rapò anyèl la, sòf se akòz maladi, blèse, ou lòt sikonstan egalman grav, lisans la pap renouvle.

(5) Dwa yo

Tou-le-tan you ministè kalifye e resevwa lisans Ministè Espesyalize anba sipèrvizyon you pastè ki an premye nan legliz la, li va gen dwa:

- (a) Preche levanjil, fè batèm e bay La Sent Sen, dirije tout pati sèvis dadòrasyon divin, e fè maryaj yo si lalwa lokal pèmèt.
- (b) Pou sèvi kòm you ministè anba sipèrvizyon pastè ki an premye nan Legliz Misyonè lokal anba règ konfèrans rejyonnal ou distrik la.
- (c) Pou kanpe kòm kandida pou elèksyon nenpòt ofis ki pa rezève pou ministè òdonne ou moun layik, e
- (d) Pou devni manm ki kapab vote nan konfèrans rejyonnal ou distrik la, e Konfèrans Jeneral

(6) Devwa yo

Ministè lisanse espesyal va responsab:

- (a) Konsakre yo menm san rezèvasyon pou fè sèvis kretyen, e chache dirèksyon Le Sent Espri;
- (b) Fè rapò pou konfèrans rejyonnal e distrik yo e denominasyon sou fòm korèk la, e osi rann rapò a dirèktè rejyonnal e distrik jan yo mande;
- (c) Mete kredansyèl yo nan achiv volontèman ak dirèkte rejyonnal e distrik la si yo sispann nan you travay apwouve, e
- (d) Remèt volontèman kredansyèl yo si yo koupab nenpòt ofans ki ta dekalifye yo nan sèvis kòm you ministè

### c. Ministè lisansè

#### (1) Deskripsyon

Ministè ki gen lisans se sa yo ki gen apèl ministè e don ki gen tan rèkonnet fòmalmman ak konfèrans rejonnal ou distrik la, pa mwayen lisans ministè yo te bay yo, ki otorize yo e apwente yo pou sèvis define nan travay, anba sipèvizyon e evalyasyon, kòm you etap anvè òdonnasyon.

#### (2) Prose

- (a) Aplikan la bèzwen konplète you kou minim detid ki apwouve pa Konsèy Dirèksyon Travay Le Seyè e,
- (b) Aplikan an va resevwa you revi e you rèkomandasyon pa Konsèy Rejonnal ou distrik la.

#### (3) Renouvle

You lisans ministè va efikas pou youn ane sèlman, e otòrite pou kenbe ofis la e travay kòm you ministè ak lisans konsa va sispann sòf li renouvle chak ane pa konsèy rejonnal ou distrik la jiska moun ki gen lisans sa a òdonne pou travay la. Ministè yo kapab renouvle lisans ministè si yo fè sa ki swiv;

- (a) Rann sèvis aksèptab nan lè v kote li te travay, osi fidèlite e konplyans ak règ Legliz Misyonè e distrik la, e li te fidèl pou bay rapò yo. Si ministè a pa bay rapò anyèl la, sòf se akòz maladi, blèse, ou lòt sikonstan egalman grav, lisans la pap renouvle
- (b) Konfimasyon pa mwayen rapò anyèl la pou di yap kontinye pou konplète kou detid òdonnasyon. Kou sa a bezwen konplète andedan sèt ane de sèvis anba lisans ministè.

#### (4) Dwa yo

Tou lè tan ministè kalifiye e resevwa you lisans ministè, yo va gen dwa;

- (a) Preche levanjil, fè batèm e bay la Sent Senn, dirije tout pati sèvis dadòrasyon divin, fè sèremoni maryaj si lalwa lokal pèmèt:
- (b) Sèvi rejon ou distrik yo e denominasyon fidèlman nan nenpòt kapasite yo kapab mande yo;
- (c) Fe rapò chak ane pou konfèrans rejonnal ou district e denonminasyon an sou fòm korèk yo, e rann rapò a dirèkte rejonnal ou distrik jan yo demande
- (d) Mete kredansyèl yo volontèman nan achiv ak dirèkte rejonnal ou distrik si yo sispan sèvi nan you travay apwouve pou plis ke youn ane; e

- (e) Remèt kredanyèl yo volontèman si yo koupab you ofans ki ta dekalifye yo pou sèvi kòm ministè lisanse.

d. Ministè òdonne

(1) Deskripsyon

Ministè òdonne yo se ministè yo ki gen apèl, don, e itilite ki gen tan demontre e devlope pa antrennman e ekspèryans, e ki te sèpare pou sèvis Kris pa konfèrans distrik la e pa ak de òdonnasyon e gen tan envèsti ak tout fonksyon kretyen.

(2) Kalifikasyon

Ministè lisanse yo ak Legliz Misyonnè ki gen you konviksyon konstan de apèl BonDye pou yo fè travay ministè, kapab òdonne kòm ministè si yo swiv demann swivan ann òd;

- (a) Sèvis satisfèzan pou dez anne apre yo konplète etid òdonnasyon an, sòf sa yo ki te anba sipèvizyon nan travay apwouve pandan anne yo te pase pou konplète ou fini etid sa a. O-mwens youn anne sa yo ta bezwen fèt nan Legliz Misyonnè nan rejyon ou distrik la kote yo te òdonne;
  - (b) Konplète ètid kous òdinasyon ou youn ki egal sa;
  - (c) Egzaminasyon e rèkomendasyon pa komite rejyonnal ou distrik la alega kalifikasyon yo pou sèvis e pou òdonnasyon enkli èkspèryans relijye pèsònèl, apèl ministè, e prèv apèl sa a, afè dèdikasyon, doktrin, e pwatik, an patikililyè akò pèsònèl, san rèzèvasyon, ak chak Atik de Lafwa e Pwatik, e fidèlite a Legliz Misyonnè, e sikonstan pèsonnèl, fanmi e lavi biznis ki afèkte travay la, e
  - (d) Sèvis piblik òdonnasyon nan ki yo va bay temwayaj ekspèryans kretyen yo, afime konviksyon yo gen apèl pou travay Le Seyè, akò yo pou doktrin ak pwensip Legliz Misyonnè yo, e fidèlite yo pou Legliz Misyonnè,
- (3) Tou-le-tan ministè òdonne yo kenbe lavi espiritiyèl, karaktè moral, e fè travay Le Seyè fidèlman ki te kalifye yo o-komansman pou òdonnasyon an, e tout tan yo pa anba disiplin, ni mete deyò travay la, yo va gen dwa:
- (a) Preche levanjil e fè batèm, bay La Sent Senn, fè tout pati sèvis divin, fè sèmoni maryaj;
  - (b) Li kapab kanpe pou elèksyon pou nenpòt ofis nan legliz kote ministè òdonne kapab kanpe pou pos la;
  - (c) Sèvi nan you relasyon pastoral ak Legliz Misyonnè lokal selon règ konfèrans rejyonnal ou distrik la.
  - (d) Va manm ki kapab vote nan konfèrans rejyonnal, distrik e Konfèrans Jeneral la.

(e) Transfère kite you rejyon ou distrik ale nan you lòt, selon règ rejyon ou distrik yo.

(4) DEVWA YO

Ministè òdonne yo va responsab:

(a) Konsakre yo menm san rezèvasyon nan travay krètyen, e swiv dirèksyon Le Sent Espri;

(b) Bay you rapò chak ane pou konfèrans rejyonnal ou district e denominasyon an sou fòm konvènab, e pou dirèktè rejyonnal ou distrik lè yo mande;

(c) Remèt kredantiyèl yo volontèman ak dirèktè rejyonnal ou distrik si yo sispann sèvi nan travay apwouve pou pliske twaz ane, e

(d) Remèt volontèman kredantiyèl yo, si yo koupab you ofans ki ta fè yo pa kapab rann sèvis kòm you ministè òdonne.

(5) Kredansyèl de (2) kote

Ministè nan Legliz Misyonè pa kapab kenbe kredansyèl a menm tan ak Legliz Misyonè e okenn lòt denominasyon ou òganizasyon sòf pou prezève pansyon ou benefis retrèt yo.

(6) Transfère de lòt denominasyon

Si ministè ki tè òdonne pa you lòt denominasyon vle asosye ak you konfèrans rejyonnal ou distrik, la fè aplikasyon ak dirèkte rejyonnal ou distrik la, bay tout enfòmasyon sèlòn òdonnasyon o-paravan, rezon pou kite lòt denominasyon ou òganizasyon e entansyon li pou afilye ak legliz, e konnesans ak akò ak Konstitiyon ki demontre pa you ègzaminasyon. Enfòmasyon sa a va voye bay konfèrans rejyonnal ou distrik ki va pran youn nan aksyon swivan yo:

(a) Rèkonnèt òdonnasyon li te genyen e resevwa kandida touswit kòm ministè òdonne nan legliz,

(b) Rèkonnèt òdonnasyon li genyen pou le moman jiska konfèrans distrik la kapab aksèpte li konplètman kòm ministè òdonne ou di li bezwen òdonne ankò.

(c) Tann aksyon jiska gen plis envèstigasyon; ou

(d) Pa aksèpte aplikasyon an.

4. Lisans pou ouvriye layik (Predikatè)

Tout kretyen yo genyen don espiyèl selon volonte Le Sent Espri. Legliz rekonnèt kèk manm layik posede don ki kalifye yo pou fè travay Le Seyè (tankou vizitasyon nan lopital, fè sèvis nan prizon, ètsètera) ki kalifye pou moun nan rekonnèt fòmalmman. Donk, legliz rekonnèt moun sa yo ki lisansè kòm ouvriye layik.

a. Kalifikaasyon

Ouvriyè layik lisans (predikatè) bezwen:

- (1) Manm Legliz Misyonnè lokal pou o-mwen dez (2) an;
- (2) Montre matirite espiyèl e karaktè kretyen;
- (3) Montre youn èspri sèvitè e don apwopwiye yo pou fè travay Le Seyè sa lap mande fè,
- (4) Konplète you kou detid ki ekipe li pou travay li.

b. Prose

- (1) Konsèye ak pastè pa li e dirèkte reyonnal ou distrik la alega nati don pa li
- (2) Resèwva rèkomandasyon ofisyèl komite legliz lokal la;
- (3) Soumèt youn aplikasyon bay dirèkte reyonnal ou distrik la; e
- (4) Egzamine pa konsèy reyonnal ou distrik.

c. Renouvle

- (1) Lisans ouvriyè layik efikas pou youn ane e otòrite pou kontinye nan travay la va sispann sòf lisans la renouvle; e
- (2) Se posib pou renouvle si lap fè sèvis ki satisfè e si tout kalifikasyon yo e devwa yo kontinye fèt.

d. Dwa yo

Ouvriyè layik lisans va òtorize pou sèvi sèlman nan liy travay la pou ki yo te twouve lisans.

e. Devwa yo

Ouvriyè layik lisans yo va soumèt you rapò konvènab chak ane bay komite reyonnal ou distrik lokal la.

5. Pastè militè e Predikatè ki travay ak òganizasyon apa de legliz

- a. Pastè militè ak predikatè ki travay ak òganizasyon apa de legliz yo va mentni lavi pèsònèl yo nan you fason ki dakò ak doktrin e pwatik Legliz Misyonnè e kenbe yo menm san repròch nan tout afè kondwit e finans.
- b. Yo va bay kont a lidè yo e règ òganizasyon yo sèvi.
- c. Yo va bay prezidan Legliz Misyonnè you rapò chak ane.

6. Evanjelis yo

- a. Definisyon: Evanjelis se moun yo ke BonDye te bay don an e te rele yo pou pwoklame Levanjil pa mwayen travay tou-pa-tou ap preche, pa mizik sakre, tèat, ou

lòt travay ki espesyalize pou jwenn moun pou Kris e antrenne kwayan yo pou travay Le Seyè a. (Efèz 4:11-13)

- (1) Ministè yo nan Legliz Misyonnè yo ki pòte kredansyèl konfèrans rejyonnal ou distrik la, ki gen apèl pou travay a plen tan kòm evanjelis, kapab resevwa sètifika kòm evanjelis pou denominasyon, rejyon ou distrik la.
- (2) Ya gen devwa pou fè travay evanjelis e bay prèv minisrè yo pa mwayen pwoklame Pawòl la e fè tout devwa travay la. (2 Tim 4:2-5)
- (3) Ya bezwen mentni doktrin e pwensip Legliz Misyonnè e kenbe yo menm san repròch nan afè de kondwit e finans yo.
- (4) Evanjelis denominasyon, rejyonnal e distrik yo se ministè ki va travay ak you komite dirèktè ou komite legliz lokal, ki va bay siveyans, dirèksyon, sipò ak kontabilite.

b. Klasifikasyon; Evanjelis yo ki ministè nan Legliz Misyonnè va klasifye swa kòm evanjelis rejyonnal, distrik, ou denominasyon.

- (1) Règ yo pou evanjelis rejyonnal e distrik
  - (a) Yo bezwen manm Legliz Misyonnè.
  - (b) Yo bezwen gen kredansyèl ak Legliz Misyonnè.
  - (c) Yo bezwen fè aplikasyon ak dirèktè rejyonnal ou distrik la e apwouve pa komite rejyonnal ou distrik pou sètifye kòm evanjelis rejyonnal ou distrik.
  - (d) You fwa yo apwouve ya fè rapò chak ane bay konfèrans rejyonnal ou distrik e denominasyon an sou yon fòm konvènab e pou dirèktè rejyonnal ou distrik la e pou prezidan an chak ka danne.
- (2) Règ yo pou evanjelis denominasyon an
  - (a) Evanjelis rejyonnal ou distrik e ministè lisans yo ki viv deyo teritwa rejyon an ou distrik la ki pase o-mwen senkant pousan tan yo nan ministè evanjelizasyon, e sèvis li disponib pou Legliz Misyonnè yo, e ki pa travay nan lòt òganizasyon (a plen tan) kapab mande prezidan denominasyon an pou apwouve yo kòm evanjelis denominasyon an.
  - (b) Yo bezwen apwouve, fè prèv apèl yo, e rekomande pa rejyon ou distrik kote yo viv, ou pa Komite Egzekitif de Konsèy Siveyans Jeneral si yo viv deyò limit you rejyon ou distrik.
  - (c) Apwouve pou sètifika va fèt pa Konsèy Siveyans Jeneral lè gen rekòmandasyon prezidan la.
  - (d) You fwa yo apwouve, ya fè you rapò chak ane bay konfèrans rejyonnal ou distrik la, sòf yo viv deyò limit rejyon ou distrik la, e denominasyon an, sou you fòm konvènab, e chak twa mwa pou dirèktè rejyonnal ou distrik, sòf yo viv deyò limit rejyon ou distrik la, e pou prezidan.



Kalifikasyon pou benefis evanjelis rejyonnal, distrik e denominasyon enskri nan manyèl pòlesi Legliz Misyonè.

## 7. Disiplin ministè yo

Nou espere tout manm nan legliz va kondwi yo nan you fason dakò ak etanda Lèzekriti. Sa yo ki kenbe pozisyon siveyans ministè nan legliz responsab pou kondwi tèt yo ak plis kontabilite. (Jak 3:12; 1 Timote 3:1-7). Kondwit konsa enkli pirite moral (1 Kòr. 6:9-10), onètete pèsone (Efèz 4:25), e fidèlite bibliik (2 Timote 3:14-17). Ministè yo dwè you egzanp ki konfòme ak you vrè kretyen padan yo chache swiv karaktè Kris ak pisans Le Sent Espri (Ròm 8:28-29, Galat 5:22-23, Efèz 5:18). An plis, ministè yo va avanse inite legliz la (Efèz 4:3, 1 Kòrint 3:16-17), òlye yo chache fè divizyon. (1 Timote 3:10-11).

a. Bi disiplin. Legliz gen komann pou disipline manm li yo lè yo kontinye nan peche bibliik e peche abityèl. (Matye 18:15-18; 1 Kòrint 2:6-11). Disiplin legliz gen plizyè bi nou mete swivan:

- (1) Ankouraje manm ki peche pou repanti, konsa la restore an kominyon ak Kris e legliz la (2 Kòr. 2:6-11, 7:8-10, 2 Tès. 3:6, 14-15).
- (2) Avèti lot manm kont peche konsa (1 Tim. 5:19-20).
- (3) Kenbe e mentni pirite moral e temwajaj legliz la san fèt (1 Kòr.5:6-7).

b. Prose disiplin. Yo pap aksèpte akizasyon kont you ministè sòf gen 2 ou 3 temwen (1 Tim. 5:19). Si you ministè kite etanda Lezekriti e angaje nan you kondwit ki pa dakò ak pwensip sentete bibliik, metòd nou jwenn pou disiplin nan Matye 18:16-18; Ròm 16:17; 1 Kòr. 5:1-13; 2 Tès. 3:6, 14-15; 1 Tim. 3:10; e lòt kote nan Lezekriti yo dwè swiv.

- (1) Ya pran etap swivan nan prose pou kenbe disiplin nan legliz:
  - (a) Sa yo kap fè akizasyon fòmval va èkri-l bay ministè a, komite siveyans legliz lokal li e dirèktè rejyonnal ou distrik.
  - (b) You fwa komite siveyans legliz lokal kontakte ya fè you revi konplèt de afè a. Si yo deside you vrè envestigasyon dwè fèt, ya kontakte dirèktè rejyonnal ou distrik pa pliske 24 è apre desizyon an fèt.
  - (c) Lè dirèktè rejyon ou distrik la resevwa plent pa komite siveyans legliz lokal, ya fè you envestigasyon fon nan afè la. Si li detèmine moun nan koupab, la pran aksyon konvènab pou ègzòte ou disipline li, sa ta kapab fè-l kite travay la pou kèk tan.
  - (d) Nan ka afè a pa kapab rezoud, dirèktè rejyonnal ou distrik la va pran afè la devan komite rejyonnal ou distrik la pou pran aksyon konvènab an konsiltasyon ak komite siveyans legliz lokal la. Si ofans la ase grav jiska sa fè doute pirite moral e temwayaj inosan lèw la ou legliz la, se posib komite rejyonnal ou distrik la va sispann kredansyèl ministè a. Komite rejyonnal ou distrik la va pran aksyon avan 3 mwa pase.

(2) Nan ka you moun kredansyalize devni sèpare ak epous li, pou gade bon temwayaj travay la e pou fè you travay redamptif ak moun yo ki nan sikonstans sa a, ya bay yo konje absans de travay yo. Andedan 8 semann aksyon swivan va fèt pou rezoud sityasyon sa a:

(a) Komite a ki responsab bay lisans la va nonme you komite.

(b) Komite la va egzamine ka a, eseye jwenn you solisyon redamptif, e rekomande aksyon konvènab, e

(c) Komite a ki responsab bay lisans la va pran aksyon.

1 Tim. 3:2, 4-5 e 4:12; Tit 1:7

(3) Prose antyè va fèt e pran fòs nan youn espri damou kretyen, swen e you mannyè sensib. Gal. 6:1.

c. Retire Moun nan Anba Disiplin e Posibilite pou Retounen nan Ofis la. Lè gen prèv repantans fèt e apre you sispansyon pou you tan minimam, pandan tan an ministè disipline demontre you vrè dezi pou “mache nan etap ak Le Sent Espri (Gal. 5:24-25), aplikasyon kapab fèt pou retire moun nan anba disiplin. Pap janm gen posibilite pou retabli moun nan nan travay la avan li retire anba disiplin. Apre disiplin nan retire, aplikasyon pou retabli kapab fèt, malgre nan kèk ka, restòrasyon nan travay la pap posib.

(1) Tan minimam sispansyon an va dekri konsa:

(a) Nan ka imoralite sèksyèl (tankou adiltè, fònikasyon, kondwit omosèksyèl, ètsètera, 2 ane

(b) Nan ka lòt kondwit sèksyèl ki pa konvènab, 6 mwa

(c) Nan ka lòt kondwit imoral, 6 mwa.

(d) Nan ka you devyasyon doktrin e pwatik Legliz Misyonnè -6 mwa.

(2) Aplikasyon la bezwen fèt nan rejyon ou distrik ki te sispann kredantyèl yo.

(3) Prose antyèman va fèt e pran fòs nan lespri kretyen, ak sansibilite e ak swen. (Galat 6:1)

d. Kontra Ministè yo pou soumèt anba Prose disiplin Legliz. Chak moun ki kenbe okenn kredansyèl ak Legliz Misyonnè deja montre yo dakò pou sibi prose disiplin mansyonne anro.

e. Dwa pou Apèl Anba Prose Jis. You ministè anba disiplin gen dwa, selon konstitisyonan, apèl you dezisyon. Wa jwenn prose sa nan Atik XVIII, Dwa Prose Pou Prose Jis.

## 8. Remèt Kredansyèl Volontèman

Nenpòt ministè ki te volontèman remèt kredantyèl li e chache jwenn yo ankò bezwen fè

sa nan menm jirisdiksyon rejyon ou distrik la kote kredansyèl yo te remèt orijinalman. Nan ka ministè a tè deplase alè nan you lòt rejyon ou distrik, konsèy rejyon ou distrik la kote li te yè o-paravan kapab refè konsidèrasyon bay nouvo rejyon ou distrik la.

#### 9. Ministè ki pa aktif ankò

Ministè òdonne yo ki te sispann fè travay ministè a va mete sou you lis enaktif. Aprè yo pa travay kòm ministè pou twaz ane, komite rejyonnal ou distrik la va rapèle kredansyèl ministè a, sòf gen sikonstans valid ki te kòz li pat travay konsa.

Ministè ki pa òdonne ki te sispann fè travay ministè a va gen kredantyèl yo rapèle pa komite rejyon ou distrik la apre enn an enaktivite. Yo toujou kapan mande pou kredantyèl yo mete sou you lis valab.

Pou retabli moun nan kòm ministè òdonne ou lisansè posib si ministè yo retounen nan travay ministè a. Yo bezwen fè aplikasyon ak komite rejyon ou distrik la ki va nonme you komite pou entèvi yo. Komite rejyon ou distrik la va pran aksyon final sou rèkomandasyon komite egzaminasyon an. Kredantyèl yo va retabli si aksyon sa favorab.

#### 10. Stati Misyonnè

Misyonnè lisansè e òdonne yo va manm nan konfèrans rejyonnal e distrik kote yo manm legliz pandan tan yo anplwaye nan travay la ou yo an konje, ou sou konje prolonje. Nan tout lòt ka sa yo, ya manm konfèrans ou distrik kote yo rete menm jan kòm lòt ministè lisansè e òdonne yo. Nenpwen misyonnè, malgre stati li, kapab you manm kap vote nan 2 konfèrans rejyonnal ou distrik a la fwa.

#### 11. Rapò

Tout ministè yo bezwen soumèt you rapò anyyèl bay dirèktè rejyonnal ou distrik pa yo. Tout misyonnè va soumèt rapò bay dirèktè World Partners.

#### 12. Misyonnè retrète yo

Nou enkouraje ministè yo pou rete manm nan you Legliz Misyonnè nan lokalite kote yo viv. Lè ministè kredantyèlize nan Legliz Misyonnè pran retrèt, e te konplète o-mwen 25 ane nan you travay ministè apwouve, ya retni kredansyèl yo. Nan sikonstans kote you moun te antre travay la lè-l te pi granmoun, e te enposib pou konplète 25 ane sèvis la, e li tap sèvi tou-le-tan jiska li pran retrèt, komite rejyon ou distrik kapab bay li konsiderasyon espesyal.

## ATIK XVII – LEGLIZ LOKAL

### A Legliz Manm Yo

#### 1. Definisyon

a. You Legliz Misyonnè nan kontèks Konstitisyon an va you legliz ki te adopte Konstitisyon Legliz Misyonnè e ki te apwouve kòm manm pa komite rejyonnal ou distrik la. Sa yo va rekonnèt kòm legliz òganize.

b. Nouvo legliz yo ki pankò enroule kòm legliz òganize, va konsidere Legliz Plante.

c. Si you legliz tonbe anba 15 manm adilt ki batize (ki gen laj 16 an ou plis) sipèvizyon e gouvènans va tonbe sou komite rejyonnal ou distrik la. Sa va kontinye osi lon tan komite rejyonnal ou distrik la kwè se nessesè.

## 2. Prose pou etabli you Legliz Misyonnè

Legliz yo ki vle rekonnèt kòm Legliz Misyonnè va swiv prose sa:

- Ya genyen o-mwen 15 manm adilt (moun ki gen 16 annè ou plis) nan legliz ki enroule kòm manm pou fòmasyon you Legliz Misyonnè.
- Legliz la va byen enfòm e va dakò ak Atik de Lafwa e Pwatik Legliz Misyonnè a.
- Legliz va enfòm e va dakò ak responsabilite you Legliz Misyonnè a genyen pou kontribye, selon règ la, you pati nan sa yo resewa pou peye pou ministè yo nan distrik la, rejyon an e denominasyon an.
- Pastè a ak you komite dirijan va sèvi kòm komite pou egzamine aplikan yo pou rekomande yo pou devni manm de legliz.
- Nan you reyinyon legliz la, aplikan yo ki deja apwouve kòm manm de legliz, pa you vòt de 75 pousan majòrite, va apwouve aksyon pou ini ak Legliz Misyonnè, dapre responsabilite yo mansyonne anro.
- Legliz va òganize ak ofisye swivan yo: paste a, sekretè, trezòrye, e o-mwen you dyak.
- Nouvo legliz òganize va soumèt aplikasyon pou devni legliz manm denominasyon an bay konsèy rejyonnal ou distrik la pou apwouve kòm you legliz manm.

## 3. Disiplin

Nenpòt legliz lokal ki manke viv selon lespri konstitisyon sa a, ou pou lòt rezon sifizan twouble asosyasyon denominasyon an, va egzòte pa dirèktè rejyonnal ou distrik la ou pa lòt moun chawazi pa konsèy rejyonnal ou distrik la, e si legliz la pa swiv demann mete devan li, apre you vrè envèstigasyon e ak rekomandasyon konfèrans rejyonnal ou distrik la pa you vòt 2/3, kapab ak vòt 2/3 pa Konsèy Dirèksyon Travay Le Seyè pèdi manm orijinal la.

## 4. Anne Fiskal La

Chak ogzilyè nan Legliz Misyonnè, pa lalwa fèdèral, bezwen genyen menm anne fiskal (Janvyè 1 – Desanm 31) kòm Missionary Church, Inc.

## 5. Atik Dezolisyon An

Chak ogzilyè nan Legliz Misyonnè bezwen genyen you atik dezolisyon nan atik enkòporasyon e règleman lokal yo an konplyans ak règ fèdèral 501(c)(3) pou òganizasyon san profi.

## B. MANM YO

### 1. Definisyon

- a. Manm règilyè. Manm regilyè se moun ki bay trè bon temwayaj e prèy yo vrèman sove pa lafwa nan Kris, apre sa yo gen tan batize pa imèzyon e yo te egzanmine e resevwa piblikman kòm manm Legliz Misyonnè lokal. Kandida yo ki gen tan batize nan you lòt fason kapab devni manm si yo dakò pou imèse si Bon Dye dirije yo konsa.

Lòt demann yo pou devni manm Legliz Misyonnè va selon sa yo ki nonme nan Atik IV.B.8.

Privilèj pou vote se sèlman pou manm sa yo ki gen 16 ane ou plis.

- b. Manm 2 Kote. Demann yo pou manm 2 kote va menm ak sa ki manm règilyè e va posib sou kondisyon swivan:

- (1) Manm yo ki viv you kote ki pa gen Legliz Misyonnè kapab devni manm nan you legliz kote li viv e a menm tan rete manm nan Legliz Misyonnè kote li te manm o-paravan, si tou-le-de- legliz sa yo dakò. Ministè e predikatè lisanse yo ki sèvi deyò Legliz Misyonnè kapab devni manm legliz nan kominote sa a si konsèy rejonnal ou distrik la dakò.
- (2) Etidyan ak profèsè yo nan Bethel College e ki asiste ou sèvi nan you Legliz Misyonnè kapab manm la e a menm tan rete manm nan legliz kote yo te viv o-paravan.
- (3) Manm yo ou ouvriyè lisanse nan legliz ki pa Legliz Misyonnè lòt kote, ki dezire devni manm Legliz Misyonnè, men ki bezwen kontinye manm nan legliz lakay li pou rezon ki konnen e akspte pa Legliz Misyonnè lokal la kapab devni manm tou-le-de kote.

### c. Engajman

Manm yo va engaje yo menm pou viv lavi kretyenn ki dakò ak doktrin e lavi Legliz Misyonnè e alyans pou manm swivan:

## ALYANS MANM YO

Depi nou te repanti e mete lafwa nou nan Le Seyè Jezi Kri, Sovè nou, kounye a, nan prezans BonDye e asanble sa a, trè sèrye e ak lajwa nou antre nan alyans youn ak lòt kòm you sèl kò de Kris.

Nou promèt, ak èd Le Sint Espri:

- (1) Pou travay ansanm nan lamou kretyenn, pou ini nan travay mityèl pou rwayòm Kris, chache fidèlman pou legliz la fè pwogre nan sentete, e konnesans, e lamou, pou avanse pwospèrite li e espirityalite li, kenbe sèvis adorasyon li, òdonnans yo, disiplin e doktrin li.

- (2) Pou kontinye, ak kontantman e règilyèman, kòm BonDye pwospère nou, pou sipòte legliz sa a e misyon li nan tou-le-monn.
- (3) Pou kenbe devosyon prive e fanmi kote posib, pou pòte chaj moun nou enflyanse e pran swen pou jwenn Kris kòm Sovè byen bonnè, pou mache dwat nan le monn, pou nou jis nan afè ak lòt moun e fidèl nan angajman nou yo;
- (4) Pran swen youn ak lòt nan lamou fratènèl, pou sonje priye lèz en pou lez òt, pou ède lezòt lè yo malad ou nan difikilte, pou kiltive senpati kretyen nan jan nou santi anvè lòt yo, e koutwazi nan pale nou, pou nou pa pran ofans fasil e toujou tou pwèt pou rèkonsilyasyon,
- (5) Pou temwaye fidèlman de pisans le Seyè Jezi Kri pou sove e kenbe nou anfen ke nan tout fason nou kapab mennen lòm e fanm pou konnen Li.

### 3. Disiplin manm

Tout manm legliz Kris la konte pou kondwi lavi yo selon etanda Lèzekriti a. Kondwit sa vle di moralite pi, onètete pèsònèl, e fidèlite bibliik. Manm yo bezwen toujou you egzanp de you vrè kretyen, pandan yo chache pou viv dapre karaktè Kris pa pisans Le Sent Espri. Anplis, manm yo va avanse inite legliz olye chache fè divizyon.

Ròm 8:28-29, 16:17-18; 1 Kòrint 6:9-10; Galat 5:22-23; Efèz 4:3 è 25; 2 Timote 3:4-17; Tit 3:10-11.

a. Bi Disiplin nan. Legliz la komande pou disipline manm yo lè yo kontinyè ouvètman nan peche. Disiplin legliz gen plizyè bi tankou sa yo ki swiv.

- (1) Ankouraje manm ki peche pou repanti, e konsa fè-l tounen an kominyon ak Kris e legliz.
- (2) Avèti lòt manm kont peche konsa.
- (3) Soutni e kenbe moralite pi e temwayaj legliz la pi.

b. Prose Disiplin nan. Si you manm kite etannda Lekriti e angaje nan kondwit ki an konfli ak pwensip lasentete bibliik, prose disiplin nan Lekriti dwe swiv. Donk, ya pran kèk ou tout etap ki swiv nan prose pou enfòse disiplin:

- (1) Rèpremande an prive manm ki te peche.
- (2) Rèpremande devan 2 ou 3 temwen.
- (3) Repremande piblikman devan legliz.
- (4) Tèmene li kòm manm e petèt tèmene asosyasyon ak li.

Tout prose disiplin legliz bezwen fèt e pran fòs ak lamou kretyenn, ak swen e sansib.

c. Pou mete Disiplin ann Aksyon. Gen espwa ke premyè etap disiplin esplike nan sèksyon b.(1), (2) e (3) anro va rezoud ak repantans nan manm kap peche a.

Sèpandan, si moun nan pa montre okenn repantans ap fèt apre yo pran etap sa yo, manm pechè a va tèmine kòm manm selon sèksyon b (4) anro. Tèminasyon kòm manm konsa va deside pa Konsèy Dirijan an apre konsiderasyon e lapriyè. Rezon pou tèminasyon va ekri nan you lèt pastòral e livre bay manm ki tèmine a.

d. Manm dakò pou sibi Prose Disiplin Legliz. Chak moun ki fè aplikasyon pou devni manm ou pou rete manm nan you Legliz Misyonnè lokal deja di li dakò pou sibi prose disiplin ki nan sèksyon 3. a,b, e c.

e. Manm Non Aktif

You manm ki pa patisipe nan kominyon e responsabilite legliz li pou you tan de 1 ane san kòz, apre li resevwa konsèy pèsone, va tèmine kòm manm.

f. Transfère Manm

You manm kap mache byen ki chanje lokalite li, ale kote gen you Legliz Misyonnè kapab mande e resevwa you lèt de transfè. Nan ka you pastè ki chanje lokasyon li, kite you Legliz Misyonnè pou you lòt, pastè a ak fanmi li ki ale ak li, e ki manm nan legliz, va otomatikman devni manm nan nouvo legliz kote yo ale.

## C. KONFÈRANS LOKAL

1. Manm yo

Konfèrans lokal la va konpoze de manm ki vote nan legliz lokal. Manm sila yo bezwen gen laj 16 ane ou plis.

2. Reyinyon yo

Reyinyon konfèrans lokal va fèt o-mwen you fwa pa ane. Dirèktè reyonnal ou distrik la ou konsèy legliz lokal kapab mande pou you reyinyon espesyal.

3. Vòt

Vòt va fèt ak manm elijib prezan nan reyinyon an ki pou pran aksyon sou biznis ki devan li nan moman an. Moun ki pa prezan nan reyinyon an pa kapab vote. (Pou you vòt pou pastè, yo kapab mande opinyon moun ki asiste legliz men ki pa manm, men sa pa konte nan vòt.)

4. Règleman lokal

Chak konfèrans lokal va adopte règleman pou yo menm ki dakò ak Konstitisyon e aksyon Konfèrans Jeneral e konfèrans distrik la.

## D. OFISYE YO

You ofisye nan legliz va kenbe doktrin fidèl kòm nou jwenn nan Konstitisyon Atik IV A 1- 6, la viv you vi ki demontre matirite espirityèl e lavi kretyenn, konpri konfòmite ak etanda yo nan Atik IV B. 1-11, bay prèv li gen don BonDye pou dirije, te devlope kè you sèvitè e abilite pou dirije, e va konnen koman pou pran otòrite, pou bati legliz e pou rann glwa pou BonDye

Tout kretyen pa gen don pou you lidè e tout ofisye yo pa gen ni menm don ni menm karaktè. You lidè dwe gen abilite pou dirije you legliz pou etabli bi yo e objèktif yo, ède manm yo idantifye e sèvi ak don yo pou le byen moun e legliz la, mentni you balans ant bezwen gwoup la e pèsonèl li yo, pandan lap bay ansèyman, konsèy, e ap bay disiplin.

Ofisye nan chak legliz kapab pastè a, dyak yo, lòt manm komite, sirentandan lekòl dimach, ou dirèktè edikasyon, gadyen yo, prezidan komite a, si gen you lòt olye pastè a, sèkretè, e/ou tresòryè a e lòt ofisye yo ki nesesè. Ofisye sa yo bezwen manm de legliz lokal.

Etanda anro a va aplike pou lòt lidè kòm mansyonne nan règleman pou legliz lokal.

### 1. Pastè

- a. Selèksyon. Fason pou chwazi pastè va desizyon chak rejyon-distrik la, ak pwovizyon ke legliz lokal, pastè a, e rejyon-distrik la va negosye ansanm.

Ya chazi pastè a pami moun apwouve kòm ministè nan Legliz Misyonnè.

Apa de sityasyon de bezwen, sèlman lòt kapab sèvi kòm pastè nan legliz ak you sèl pastè ou kòm pastè an premye plas nan legliz ki gen plizyè moun anplwaye. (Gade Papey Pozisyon X Ròl Fanm yo nan Travay Le Seyè).

- b. Devwa yo. Pastè a va you egzanp pou pèp BonDye pa mwayen jan li kenbe li menm apa tout enbara lemond e san repròch nan tout mannyè kondwit e finans li yo. Se devwa li pou preche La Pawòl, priye e bay siveyans sou legliz, e gade nanm yo kòm youn ki pral rann kont, e chache byen sali pou sa yo ki pèdi, e nan tout bagay li va apwouve devan BonDye. Ya rèkonnet pastè a kòm tèt legliz lokal e li va responsab pou tout sèvis yo e pwomosyon aktivite legliz la. La you manm pou konsèye tout komite yo. Li gen dwa chwazi, ak pèmision konsèy legliz, pou ranje reyinyon espesyal e pou jwenn tout èd li bezwen pou fè sa.

### 2. Moun anplwaye kòm Ministè

Yo kapab anplwaye moun a plen tan ou mwens pou travay ministè si moun nan te apwouve kòm ministè nan Legliz Misyonnè ou si li te apwouve pa konsèy reyonnal ou distrik la pou pozisyon ministè sa.

### 3. Prezidan Konfèrans lokal

- a. Selèksyon. Pastè a va sèvi kòm prezidan konfèrans lokal sòf règleman legliz lokal pèmèt lòt manm pou sèvi nan ofis sa a.
- b. Devwa Prezidan konfèrans lokal va dirije tout reyinyon konfèrans lokal. Prezidan konfèrans lokal la va sèvi kòm prezidan konsèy legliz la sòf règleman legliz lokal



mande you lòt manm sèvi nan ofis sa a.

4. Ansyen (Chèf nan legliz)

- a. Selèksyon. Kapab genyen youn ou plis ansyen (chèf) nan chak kongregasyon kòm konfèrans lokal la va detèmine. Prose pou selèksyon an va enkli nominasyon pa manm konfèrans lokal, revèyè pa ofisye nan legliz, e elèksyon ak bilten pa konfèrans lokal. Limit tèm va pou you sèten tan etabli pa konfèrans lokal. Kalifikasyon yo va kòm nou jwenn nan 1 Timote 3:1-7 e Tit 1:6-9.
- b. Devwa yo. Ansyen yo va asiste pastè a nan devwa espiyèl legliz la, sitou nan afè tankou konsèy espiyèl, responsabilite lidè yo, disiplin legliz, e fè disip.

5. Dyak yo

- a. Selèksyon. Va genyen youn ou plis dyak nan chak kongregasyon kòm konfèrans lokal va detèmine. Ya chwazi yo pami kongregasyon an yo va sèvi e ya vote pa bilten pou you tèm konfèrans lokal la va detèmine. Kalifikasyon yo va sa nou jwenn nan 1 Timote 3:8-13.
- b. Devwa yo. Dyak yo va asiste pastè a nan devwa espiyèl nan legliz, fè pweparasyon pou La Sent Senn, e dirije pwogram pou pòv nan legliz.

6. Sirentandan Jeneral Lekòl Dimanch

- a. Selèksyon. Sirentandan jeneral lekòl dimanch va you moun ki gen bon repitasyon e va byen dakò ak doktrin e règ yo nan denominasyon an. Sirentandan va manm legliz e legliz va chwazi li pa bilten pou you tèm detèmine pa konfèrans lokal.
- b. Devwa yo. Sirentandan va genyen siveyans jeneral sou lekòl Dimanch. Sirentandan va remèt bay konfèrans lokal you rapò anyèl sou lekòl la. Nan tout afè inpòtan, sirentandan va konsilte ak pastè avan li fè desizyon yo ou avan li pran aksyon.

7. Konsèy administratif

- a. Selèksyon. Administratè yo va chwazi pa bilten nan reyinyon anyèl konfèrans lokal la pou you tèm dofin kòm konfèrans lokal detèmine, ou selon lalwa sivil.
- b. Devwa yo. Ya chwazi you prezidan kòm konfèrans lokal va detèmine, e you sèkretè ki va enskri aksyon ki fèt nan tout reyinyon yo. Administratè yo va kenbe tout pwopwiyète nan depo kòm jeran e va responsab pou pran swen li, sòf lòt pwovizyon te fèt pou kenbe pwopwiyète a. Ya fè you rapò anyèl pou konfèrans lokal.

8. Sèkretè Legliz

- a. Selèksyon. Sèkretè Legliz la kapab eli pa bilten nan reyinyon anyèl konfèrans lokal la ou apwente pa konsèy legliz.
- b. Devwa li yo. Se devwa sèkretè pou kenbe kaye sou sa yo fè nan chak konfèrans lokal e osi chak reyinyon konsèy legliz la.

9. Trezòrye

- a. Selèksyon. Konfèrans lokal la va gen chwa pou mande konsèy legliz la pou nonme trezòrye legliz pami manm legliz, ou eli trezòrye a nan elèksyon regilyè a.
- b. Devwa li yo. Se devwa trezòrye a pou resevwa e kenbe tout lajan legliz sòf lajan lòt òganizasyon nan legliz ki gen trezòrye yo menm, bay fich yo lè se nesèsè, peye tout obligasyon regilyèman kòm konsèy legliz dirije, e bay you rapò pou chak reyinyon konfèrans ou konsèy legliz lè yo mande pou sa.

**D. KONSÈY LEGLIZ**

1. Manm yo

Konsèy Legliz la va konpoze ak pastè e nenpòt swivan yo: prezidan konfèrans lokal, dyak yo ou prezidan konsèy dyak yo, ansyen yo ou prezidan konsèy ansyen an, dirèktè èdikasyon kretyen, prezidan konsèy gadyen yo, trezòrye legliz la, e lòt manm yo konfèrans lokal kapab deside se nesèsè.

2. Reyinyon yo

Konsèy legliz la va reyini o-mwen chak twa mwa. Prezidan an ou twa manm nan konsèy la kapab mande pou you reyinyon espesyal.

3. Devwa yo

Devwa konsèy legliz la va pou okipe biznis, lapriyè, e konsiltasyon sou travay legliz la. Konsèy la va fe aranjman pou sipò pastè a, e pou lòt ouvriye yo mande travay pou legliz. La apwouve tout kandida yo ki vle devni manm legliz.

**F. ÒGANIZASYON ÒGZILYÈ**

Nan chak kongregasyon lokal kapab genyen lekòl Dimanch, òganizasyon pou frè yo, sé yo, pou jèn yo, e lòt òganizasyon konfèrans lokal la otòrize. Òganizasyon Ògzilyè va swiv menm règ yo kòm konfèrans lokal e rejjonnal ou konfèrans distrik la.

**ATIK XVIII – DWA PROSE  
POU MANM YO E ÒGANIZASYON YO NAN LEGLIZ MISYONNÈ**

Youn apèle akòz desizyon you moun ou òganizasyon nan Legliz Misyonnè kòmanse o-nivo apwopwiye pou apèle a. Dwa apèle enkli dwa pou sila kap tande apèle pou fè eksèkite ou refize desizyon ki te fèt.

You desizyon pa pastè a va komanse ak konsèy legliz lokal la.

You desizyon pa konsèy legliz lokal la va komanse ak konsèy distrik la si legliz andedan distrik e ak konsèy rejjonnal si pa nan you distrik òganize.

You apèle desizyon dirèktè distrik komanse ak konsèy distrik ou konsèy rejjonnal la.

You apèle de desizyon dirèktè rejjonnal komanse ak konsèy rejjonnal la.

You apèle desizyon you distrik nan you rejyon komanse ak konsèy rejjonnal

You apèle desizyon you rejyon ou you konsèy distrik deyò you rejyon komanse ak Konsèy Siveyans Jeneral.

Tan Jeneral e Detay Administratif yo

1. Avan 14 jou apre desizyon pastè a, moun plent la kapab ekri youn apèle pou konsèy legliz la.
  - a. Avan senk jou, prezidan konsèy legliz ou moun yo desiye va reyini e fè revè apèle ak sa yo ki te fè apèle a. Lè pastè se prezidan konsèy legliz, konsèy va nonme you manm, pa pastè a, pou fè revè apèle a.
  - b. Ya fikse you reyinyon o-mwen 21 jou depi lè yo te resevwa apèle a.
2. O-mwen 5 jou depi yo te notifiye, desizyon konsèy legliz la kapab apèle ak you lèt pou konsèy rejjonnal si legliz la pa nan you distrik, ou konsèy distrik la pa vwa sèkretè rejjyon an ou distrik la. Dirèktè rejjyon an ou distrik la ou sila a li nonme va fikse you reyinyon pou tande apèle a devan konsèy rejjonnal ou distrik ou komite a ki apwopwiye pa plita pase prochenn reyinyon regilyè a.
3. O-mwen 5 jou depi notifikasyon an, desizyon konsèy distrik la nan you rejyon kapab fè apèle pa lèt pou konsèy rejjonnal pa vwa sèkretè rejjyon an. Dirèktè rejjonnal ou sila li nonme va fikse you reyinyon pou tande apèle a devan konsèy rejjonnal la ou you komite apwopwiye pa plita pase prochenn reyinyon règilyè.
4. O-mwen 5 jou depi notifikasyon an, desizyon konsèy rejjonnal ou distrik la, ki pa nan you rejyon, kapab apèle ak lèt bay Konsèy Siveyans Jeneral pa vwa prezidant Legliz Misyonnè ki va kontakte dirèktè rejjonnal ou distrik la e va fè revè tout dosye apèle a. Avan 30 jou, ya ranje you telekonfèrans ou reyinyon ak Konsèy Siveyans Jeneral.
5. Konsèy Siveyans Jeneral va sèvi kòm dènnye abit nan tout ka yo ki parèt devan yo. Konsèy Siveyans Jeneral gen dwa aksèpte ou refize tande nenpòt apèle.
6. Nan paragraf 1.b a 5 anro:
  - a. Sa yo ki fè you apèle kapab reprezante ak you avoka.
  - b. Ya fè kaye tout aksyon yo.
  - c. Ya ekri desizyon an e bay moun yo ki te fè apèle pa plita pase 10 jou apre.
7. Nan afè ki regade lafwa e pwatik ki pa adrese definiman nan Konstitisyon an, kote you manm ou òganizasyon Legliz Misyonnè, dapre jijman gwoup ki genyen jirisdiksyon an, parèt yo devye ak pozisyon tradisyonnèl Legliz Misyonnè a, gwoup sa a gen dwa pou fè desizyon.

## **ATIK XIX – OTÒRITE PARLMANTÈ**

Règ yo ki nan edisyon kouran *Robert's Rules of Order Newly Revised* va govène Konfèrans Jeneral nan tout ka kote sa aplikab e kote sa pa devye ak Konstitisyon sila e nenpòt règ lòd espesyal Konfèrans Jeneral la te fè.

Nan menm fason chak konfèrans rejyonnal ou distrik ou lokal, e tout lòt òganizasyon Legliz Misyonnè dekrive pa konsitasyon an va gouvène pa *Robert's Rules of Order Newly Revised*.

## **ATIK XX – AMANDMAN YO**

Konstitisyon sa a kapab kòrije nan nenpòt Konfèrans Jeneral pa you 2/3 vòt de Konfèrans la, si tout amandman rekòmande yo te anonse o-mwen 30 jou avan dat fikse pou Konfèrans Jeneral la. Pibliye o-mwen 30 jou avan Konfèrans Jeneral vle di notifiye dirèktè rejyonnal e distrik yo, ministè yo, misyonè yo, delege yo e legliz yo. Yo va li amandman nan you reyinyon avan sila lè yo va vote.

Rèkomandasyon pou fè amandman ki sòti nan konsèy departman yo bezwen pase pa Konsèy Siveyans Jeneral.

Rekomandasyon pou amandman yo ki sòti nan legliz lokal, rejyon ou distrik yo bezwen vini pa mwayen gwoup ki gouvène rejyon ou distrik yo. Aksyon gwoup ki gouvène rejyon ou distrik la bezwen resevwa you vòt 2/3.